ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№146 (23.960) ● 2019 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум теухуа зэІущІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и Правительствэм и Унафэщ Іэнатіэм хэлъхьанысІэшхуэ зэрыхуащІым, гуэзвэгъуэ хэхуахэр къегъэлыным хуэгъэза Іуэхуэхэр къыІэрыІэрагъэпэщым, зэрырагъэкІуэкІым, ильэс куэд хъуауэ я Іэнатіэм хьэлэлу зэрыпэрытым папщІэ Урысейм и МЧС-м и Іуащхьэмахуэ бгы лъагэ къэлыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ гупым («Урысейм и МЧС-м и Кавказ Ищхьэрэ щыналъэ къэлыхъуакІуэ-къегъэлакІуэ гуп» федеральнэ къэрал кІэзонэ Іуэхущ1аПІэм и къудамэм) щыщ мы къыкІэлтыкІуэхэм дамыгъэ льаПІэхэр етын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр
Моллаев Эдуард Руслан и къуэм - япэ класс зиІэ къегъэлакІуэм
Шаваев Мухътар Залымхъан и къуэм - япэ класс зиІэ къегъэлакІуэм;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и къегъэлакІуэ» цІэр фІэщ1ын
Джаппуев Адэмей Рэмэзан и къуэм - япэ класс зиІэ къегъэлакІуэм.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м
№117-УГ

Террорым щыхъумэн хуейуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къриубыдэу щыІэ дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхущ1аПІэхэр (щ1ыналъэхэр) терроризмым и Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ органым и Іуэхуклэ

Къэбэрдей Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Дин зэгухьэныгъэм я Іуэхущ1аПІэхэр (щ1ыналъэхэр) терроризм щыхъумэнымкІэ хабзэхэм, «Дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхущ1аПІэхэр (щ1ыналъэхэр) терроризм щыхъумэнымкІэ хабзэхэмрэ дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхущ1аПІэхэм (щ1ыналъэхэм) шыналъэншагъэмкІэ я паспортым и теплъэмрэ къэщтэным и Іуэхуклэ» Урысей Федерацэм и Правительствэм 2019 гъэм фокІадэм и 5-м къыдигъэкІа унафэ №1165-мкІэ къыщтам, и пункт 5-м тету **унафэ сощІ**:

1. Терроризм щыхъумэн хуейуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къриубыдэу щыІэ дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхущ1аПІэхэр (щ1ыналъэхэр) къыхэтхыкІыныжкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и уполномоченнэ органу убзыхун Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ Іуэхущ1аПІэхэм ядэлэжьныжрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ и министерствэр.

2. Мы Указым къару егъуэт Іэ щ1ыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек.

Налшык къалэ
2019 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м
№122-УГ

2019 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчётым и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2019 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адэкІэ - республикэ бюджет) гъэзэщІа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётым хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къегъэлъагъуэ республикэ бюджетым и хэхъуэхэр, федеральнэ бюджетым щыщу къызэрыдзІэпыкъу ахъшэу къаІэрыхьэну зытрауухуауэ щытахэр зэмыту, сом мин 8539170,2-кІэ, нэгъуэщІу жыпІэмэ процент 73,1-кІэ зэрагъэзэщІар, апхуэдэуи хэхъуэ псомкІи сом мин 24696749,3-кІэ е процент 71,2-кІэ гъэзэщІа хъуащ. Республикэ бюджетым и хэщІхэр зытращІыхьам щыщу сом мин 22740395,0-кІэ е процент 65,3-кІэ гъэзэщІа хъуащ. Абы ипкъ иткІэ зыхэпльэж лъэхъэнэм тещІыхьауэ республикэ бюджетым мылъкуу сом мин 1956354,3-рэ къынащ.

ЩІхьэкІэ къыщІыгъэльэгъуахэр и лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

2019 гъэм и мазибгъум Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчётыр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щэкІуэгъуэм 28-м
№67-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Ашэбокъуэ Астемыр Артур и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Мэкъумэш ІуэхуэхэмкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ, экологиемрэ дыкъэзыуэхъуреихь дунейр хъумэнымкІэ и комитетым хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Пщыбий Светланэ Владимир и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛжьышугъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэ хъумэнымкІэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м
№48-П-П

КІуэкІуэ К. В. иригъэкІуэкІащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъум теухуа зэІущІэ

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и Правительствэм и Унафэщ1эмрэ абы хэтхэмрэ я зэІущІэ иригъэкІуэкІащ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІа зэрыхъур къэпщытэным теухуауэ.

АБЫ ЗЭРЫЩЫЖАІАМКІЭ, лъэпкъ проектхэм япкъ иткІэ ярбзыхуа щІыналъэ лэжьыгъэхэм хиубыдэу дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлІэу хьэзыр ящІащ зи ныбжьыр ильэси 3-м фІэмыкІа сабийхэм папщІэ яслъэу 18. Апхуэдэу Аушыджэр къуажэм футбол джэгуплІэ, ХьэтІохъущыкъуэй къуажэм стадион, Саратовскэ хуторым фельдшер-акушер пункт къыщызэІуахащ, Сэрмакъ къуажэм псы зрикІуэ бжьамийхэр щаукъуэдиящ. Апхуэдэ дыдэу «Псы къабзэ» щІыналъэ проектым ипкъ иткІэ ирафын псыкІэ къызэрагъэпэщащ Белоглинскэ, Дальнэ къуажэхэр. Узынщагъэр хъумэнымкІэ, егъэджэныгъэмкІэ, спортымкІэ, щэнхабзэмкІэ Іуэхущ1аПІэу 123-м папщІэ зыхуеину транспортыр, Іэмэпсымэхэр къащхъуащ. Къалэхэм щыІэ пщІантІэу 145-рэ, цІыху куэд щызэхуэс щІыпІэу 28-рэ зэІузэпэщ ящІащ.

ЗэІущІэм апхуэдэу щыхэпльащ Іуащхьэмахуэ лъапэ туризмэмкІэ и Іуэхущ1аПІэхэр цІыху нэхъыбэ дыдэ къыщекІуэлІэ щІымахуэ лъэхъэнэм зэрыхуагъэхьэзырам, социальнэ мыхьэнэ зиІэ уухуэныгъэхэр къызэрызэІуахым, гуэгу хозяйствэм и щытыкІэм.

Къызэхуэсахэм я пащхьэм докладхэр щащІащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 **Мусуков А. ТІ.**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и япэ къуэдзэ **Говоров С. А.**, КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ **Къуныжь М. А.**, КЪБР-м Транспортымрэ гъэзэгу хозяйствэмкІэ и министр **Дыщэкі А. З.**, КЪБР-м экономикэ зыужьныгъэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Рахаев Б. М.**, КЪБР-м курортхэмрэ туризмэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Щоджэнц1ыкІу М. Л**.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1аПІэ.

● Дин

Ислъам щэнхабзэм топсэлъыхь

Иджыблагъэ Налшык щекІуэкІащ «Иджырей Урысейм ислъам щэнхабзэр зэрыщ1эзекІуэр: и щытыкІэмрэ зиужьынымкІэ щІыІэ Іэмалхэмрэ» къэралзэхуаку щІэныгъэ-практикэ конференц.

ЗЭХУЭСЫР КЪБР-м и Мусльымэнхэм я дин Іуэхущ1аПІэм къызэрыгъэпэщащ УФ-м и Президентым и администрацэмрэ «Ислъам щІэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ дэІыгъыныжкІэ фондымрэ» я щІэгъэкъуэну. Абы хэтащ къэрал зэмыльІэужьыгъуэхэм, Кавказ Ищхьэрэм ис мусльымэнхэм я дин Іуэхущ1аПІэхэм я Іэтащхьэхэр, духьэшыхэр, властым и лІыкІуэхэр, журналистхэр, Іэщ1агъэлІэхэр.

ЗэІущІэр къыщ1ызэІуихым КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ1 Къуэдзокъуэ Мухьэмэд къеджащ КІуэкІуэ Казбек конференцым хэтхэм зэрызахуигъазэм.

«Конференцыр зэтепсэлъыхьащ Урысей империем щэрихьэт судхэр зэрыщ1алажьэу щыта щІыкІэм, абы ди зэманым иІэ мыхьэнэм, къэрал зэмыльІэужьыгъуэхэм мы Іуэхур зэрыщ1агъэувам, дяпэкІэ зэфІэгъэкІын хуейкэм.

ЖЫЛОКЪУЭ Лусанэ.

● Хъыбар гуапэ

ЕджакІуэхэм папщІэ автобусыщІэхэр

Дыз1эрыт маз1эм и п1щ1эдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къы-Іэрыхьащ зи инагкІэ зэхуэмыдэ «ФОРД», «ПАЗ» автобусыщІэу 39-рэ.

ИЛЪЭСЫР имыкІыу иджыри автобуси 6 къэкІуэн хуейщ. Абыхэм ящ1щ зыбжанэр иратынущ КЪБР-м и муниципальнэ щІыналъэу 10-м щыІэ еджапІэхэм ящ1щу зи транспортыр жьы хъуахэм. Адрейхэр трагъэувэнущ щІыхуэм папщІэ къызэІуах маршрутыщІэхэм.

Автобусыщ1эхэмкІэ щІыкІуэхэр кърашэкІуэ щІадзэнущ 2020 гъэм. Иджыпсту еджакІуэхэм ящ1щу 8232-рэ иджырей автобусхэмкІэ школхэм яшэ, къашэж.

● Дзэлыкъуэ щІыналъэ

ИлъэсыщІэм зэпэщу ІущІэнущ

Прохладнэ - Мэздэгу, Налшык - Май къалэ гъэзгу Іыхьэхэр. «Гъэзгу шынагъуэншэхэмрэ гъэзгуфІхэмрэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткІэ мы махуэхэм и кІэм нагъэсащ Дзэлыкъуэкъуэжъ щІыналъэм «Малкэ - Ингушли» гъэзгу Іыхьэр щІэзэгъэпэщ1ыжыныр: километри 5-м нэблагъэм асфальтыр щІэуэ тралъхьэри, гъэзгубгъуэри ягъэбыдащ. Хуагъэуэва пІалъэм фІмилыщу а лэжьыгъэр зэфІигъэкІащ Іуэхур зи пщэ далъхьа «Главдорстрой» ООО-м.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Хьэтіэхъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ

Анзор Мудар

Хьэгъундокъуэ Едыдж



Уэлэгъей Сергей

Жыжьэ къыщожьэ

● Обозревателым и псалъэ

Дыгъэгъазэм и 9-р Хэкум и Лыхъужьхэм я махуэщ

Зи гугъу тщІы махуэшхуэр УФ-м и Къэрал Думэм къыщ1ащтар 2007 гъэм щІышылэм и 26-рэ. Абы и унафэм къыщыгъэлъэгъуат: «Дэ ди япэ итахэм я фэеплъыр дгъэлъапІэ къудейкъым, атІэ Совет Союзым и Лыхъужьхэру, Урысей Федерацэм и Лыхъужьхэру, Георгий Щ1ихьым и орденымрэ Щ1ыхь орденымрэ зыхуагъэфэщахэу мы зэманым псэухэмри я пщІэр къыдоІэт». 2007 гъэм мазаем и 28-м Президент Путин Владимир и тридза иужь, Федеральнэ законым къару игъуэтащ.

ЗЭ ЕПЛЪЫГЪУЭКІЭ ныбжьыщхуэ иІэ хуэдэкъым, арщхьэкІэ а гуфІэгъуэм и лъабжьэр жыжьэ къыщ1ожьэ. 1769 гъэм урысей пащтыкъ гуащэ Екатеринэ ЕтІуанэм игъэуващ империем и дамыгъэ нэхъыщхьэр - Георгий Щ1ихьым и орденыр. Абыкіэ ягъэпажэрт лІыгъэшхуэ зезыхьа зауэлІхэр. Ордены нагъыщіиплІ иІэт.

1917 гъэм екІуэкІа Жэпуэгъуэ революцэм иужькІэ махуэшхуэри орденри щІэжакъым. Иджы, мис, ди гъащІэм къыхьыжьащ. Ар ди дежкІэ хуабжьу гуапэщ, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, адыгэхэм яхэтщ а дамыгъэ льапІэр зыхуагъэфэща куэд.

ТхыдэмкІэ щ1ыдгъэзжакІэ, я цІэ къитІуэнщ абыхэм ящ1щ зыбжанэм, Урысей къэралыгъуэр зэфІэгъэувэным къыпхуэмылъытэн хуэдиз хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщІахэм. Мыбдежьм а псомэ я гугъу щытхуэщІынкъым, ауэ къыхэдгъэщхьэхукІынщ япэ урысей генералисимус Черкасский Михаил, император Пётр Езанэр нэгъуэщІ къэралхэм щ1ыкІэкІэ езым и пІэкІэ къигъанэу щытар, Черкасскэхэ Иванрэ Яковрэ, Урысейм и Правительствэм и Унафэщ1ым и кІулыкъур зыІыгъахэр, дззэешэ щІэрыІуэхэр - Ушаков Фёдор, адмиралыр, тенджьз зэхуэу 38-м щытекІуар, полковник хахуэ ХьэтІэхъущокъуэ Исмел-Псыгъуэ, генерал-майорхэу Анзор Мудар, Хьэгъундокъуэ Едыдж, Бекович-Черкасский Тембот, генерал-лейтенант Уэлэгъей Сергей, Георгий сэлэт жорэм я кавалерхэу Бицу Ахьмэд, Джэтауэ Уэлий, Къуэгъулькъуэ Мысост, Хьэпщ1э Берд, Анзор Пщ1махуэ, Астемыр Дзхъушокъуэ, Ахъуэхъу Кушбий, Бэжьдыгу ТІитІэ, Джэрым Мусэ, Дыкъуэ Хьэзешэ, Инарокъуэ Алий, Тхьэзэплъ Исмэхьил, Хьэмыкъуэ Зэчрей, Тамбий Исмэхьил, Байзэт-Джэрий Султан, Пщ1эшхуэ Увжькъуэ, Къэблахъуэ Джэмалбий, Щхьэлахъуэ Рэмэзан сымэ.

СССР-м и лъэхъэнэм нэхъ пщІэшхуэ дыдэ зыпылъу щытащ «Совет Союзым и Лыхъужь» цІэ льапІэр. Псори зэхэту Совет Союзым и Лыхъужь цІэр фІащащ цІыху мин 12-рэ 772-м.

1992 гъэ Іэльандэрэ ди къэралым и дамыгъэ нэхъыщхьэщ «Урысей Федерацэм и Лыхъужь» цІэ льапІэр. Абыкіэ ягъэпажэ я пщэ далъхьа къалэнхэр щагъэзащІэм хахуагъэ зезыхьахэр. Апхуэдэу къагъэщІэрэщІэжащ Георгий Щ1ихьым и орденри. Урысей Федерацэм щ1ыпІэу а дамыгъэр 2008 гъэм генерал-полковник Макаров Сергей иратаэу щытащ.

ИЛЪЭС къэс дыгъэгъазэ мазэм Кремлым и Георгий пэшым щрагъэблагъэ Совет Союзымрэ Урысей Федерацэмрэ я Лыхъужьхэр, апхуэдэуи Щ1ыхь орденымрэ Георгий Щ1ихьым и орденымрэ зыхуагъэфэщахэр. Езыгъэблагъэр Урысей Федерацэм и Президент, УФ-м Іэщ1кІэ Зэщ1эуэзэда я Къарухэм я Унафэщ1 нэхъыщхьэ Путин Владимирщ.

ГуфІэгъуэр Іэтауэ къэрал псом щагъэлъапІэ. Абы егъэщ1ылІа зэхуэсхэр щокІуэкІ дзэ-хэкупсэ клуб зэмылІэужьыгъуэхэм, щэнхабзэм и Іуэхущ1аПІэхэм. Махуэшхуэр ягъэдахэ абы и щІыхькІэ щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм щат концертхэм.

ШАЛ Мухьэмэд.

Къуэгъулькъуэ Мысост

Джэтауэ Уэлий

Бицу Ахьмэд

Бекович-Черкасский Тембот

Іэ тедзэгъуэр йокІуэкІ

Дызыхуэкіуэ 2020 гъэм и япэ ильэс ныкъуэм щІыхухэм яІэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щІрагъэдзу хуежьащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыІэрыхьэну хуейкэм хьыбар фыдогъащІэ: ар хьвегъэхьын папщІэ Іэ щ1ыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1аПІэмэ.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 696-рэ кІэнлейкІэ 30-рэщ.

Ди индексыр П 5894.

«Иджырей мардэхэм тету къалэхэр зэІуэзэпэщ щІын» щІыналъэ программэкІэ Дзэлыкъуэ щІыналъэм мы ильэсым щ1ызэфІаха лэжьыгъэм ироплъэж.

ДЗЭЛЫКЪУЭКЪУАЖЭ дэт унэ зэтетхэм ящ1ыщу 6-м я бжэІупэхэр сыт и лъэныкъуэкІи зыхуей хуэзэу 2020 гъэм техьэнущ: Озерная 3, 4, 5, Хакировымрэ Котовымрэ я щІэхэр зезыхьэ, Комсомольскэ уэрамым тет 14-нэ, 60-нэ, 46-нэ унэ зэтетхэм екІуэлІэ лъэс зекІуэлІэхэр къагъэщІэрэщІэжащ, тетІысхьэпІэхэр ягъэуващ, уэздыгъэхэмкІэ къагъэнэхуащ.

Мы гъэм зэфІагъэкІын хуея лэжьыгъэм щ1ыщт зыгъэпсэхупІэ паркри: Дзэлыкъуэпс хуэгъэза лъэныкъуэр къахухьащ, лъэс зекІуэлІэхэр плиткэхэмкІэ екІуу къращ1ыкІри, тетІысхьэпІэ дахэхэр ирикІуэу ягъэувыжащ.

Дзэлыкъуэ районым мы гъэм гулыітэ щагъэуэтащ республикэпсо мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэзгухэмри. Абыхэм яхиубыдащ Новопавловск - Малкэ - Ингушли» гъэзгу Іыхьэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щэкІуэгъуэм 28-м
№67-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуклэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Ашэбокъуэ Астемыр Артур и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Мэкъумэш ІуэхуэхэмкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкІэ, экологиемрэ дыкъэзыуэхъуреихь дунейр хъумэнымкІэ и комитетым хэгъэхьэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Пщыбий Светланэ Владимир и пхъур Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я ІуэхуэхэмкІэ и комитетым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛжьышугъэмкІэ, социальнэ политикэмрэ узынщагъэ хъумэнымкІэ и комитетым хэгъэхьэн.

3. Мы Унафэм къару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ1 ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм щэкІуэгъуэм и 28-м
№48-П-П

● ДифI догъэлъапIэ

«Шэджэм псынэ»

Апхуэдэ фIэщыгъэ иIащ Шэджэм къалэм дэт Щэнхабзэмкlэ унэм иджыблагъэ щекIуэкIа, Кlыщ Мухьэдин и щыIэныкIэ къызэрагъэпэща хэгъэгу фестиваль-конкурсыр зэрызэхуащIыж концертым. Кьызэхуэсахэр ипэщIыкIэ ирагъэплъащ «Си лэжьыгъэр. Кlыщ Мухьэдин» документальнэ фильм кIэщIым. ИужькIэ абыхэм Iмал яIащ сурэтыщI гъуэзэджэм и Iэдакъэщ1экIхэр видеокIэ зрагъэлъагъуну.

ФИГУ къэдгъэкIыжьинщи, Кlыщ Мухьэдинрэ абы и дэIэпыкъуэгъу пэж икIи и щхьэгъусэ Мосс Жаклинрэ илъэс куэд хуэдиз Испанием щопсэу. Кlыщыр Художествзхэмкlэ Урысей Академиеми и академикщ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ, УФ-м щIыхь зиIэ и сурэтыщIщ, гъуаджэхэмкlэ европей академиеу Бельгием щыIэм хэтщ. Илъэс 60 хьуауэ творческэ Iэнатlэм пэрытщ. Испанием щыщ Андалузие щIынальэм щыIэ Барбате къалэм Кlыщ Мухьэдин и фонд мыгувэу къыщыхэIуахьынщ. Ар щылэжьэну унэм метр зэбгъузэнатlэ 500 и инагъщ. Абы кьегъэлъагъуэ ди лъэпкъэгъум и зэфIэкIыр зэрыльаргэр, абы дуней псом пщIэшхэу къызэрыщыхуащIыр.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ цIыху куэд. Ди лъэпкъым, республикэм и дежкIэ абы и творчествэм иIэ мыхьэнэм и гугъу ищIу къэпсэльащ Шэджэм ЕтIуанэ къуажэм и щIэныгъэ къыщIэкIа, ди лъэпкъым и щIэныгъэ и къыщыхьэщащ, Щэнхабзэмкlэ Iэтащхьэ **Ахъуэхъу Анзор**. Абы къызэрыхигъэщащ, Кlыщыр къыщалъхуа къуажэр ирогушхуэ апхуэдэ сурэтыщI Iэзэ я жылэм къызэрыдэкIам.

- Кlыщ Мухьэдин Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Урысейми, дуней псоми щыщIэрыIуэ сурэтыщI Iэзэщ. Абы ди нэгум къыщIигъэувэ дэтхэнэ и зы Iэдакъэщ1экIри псэкIэ зыхьыуегъащIэ, нэгъуэщI нэкIэ уегъэплъыф, - жиIащ Мухьэдин и ныбжьэгъу **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч**.

- Кlыщым хуэдэ цIыху уи лъэпкъым кьыпхэкIыныр куэд и уасэщ. Абы хуэзфIэкIащ Шэджэм щIынальэм и цIэр дунейм фIыкIэ щигъэIун. Дрогушхэу, ди щхьэр лъагэу дегъэлъагъуэ абы, - къыхигъэщащ Шэджэм районым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ **Борсэ Юрэ**.

Абы Кlыщым тыгъэ хуищIащ кьамэ.

Апхуэдэу Кlыщым псалъэ гуапэ хуэжаIэу эзIуцIэм къыщыпсэльащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Пъсэшэ Наталье**, Шэджэм районым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIым и къуэдзэ **Iэрыпщэ Жаннэ**, Шэджэм къалэм дэт Щэнхабзэмкlэ и унэм унафэщI **Вэрыкъуэ Ларисэ** сымэ.

КIэух концертым зыкъыщагъэльэгъуат уэрэд жыIэныжкIэ зэпеуэм къыщыхэжаныкIаэу Бейтыгъуэн Сабринэ, Уэлджыр Дианэ, Къэзакъ Тимур, Шьбэзыхъуэ Беллэ, Тутыкъу Дианэ, Рябич Станислав, Журт Дианэ, Быхъурэ Роксанэ сымэ, «Гуащэнэ», «Надежда» гупхэм. Гран-При сауГъэтхэр кхахьащ Шэрэ Iэминэ, Башиевэ Данэ, Даурбэч Анжеликэ сымэ.

НАФIЭДЗ Мухьэмэд.

● ЩIэныгъэ

КъБКъУ-м и ректор Лесев Вадим Николай и къуэр

Бэрбэч Хьэтlутlэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и унафэщIыр яхъуэжащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэм дыгъэгъазэм и 2-м щекIуэкIа конференцым щэхуу Iэ зэрыщалэтам ипкъ иткIэ, КъБКъУ-м и ректору хахащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат, доцент Лесев Вадим Николай и къуэр. Абы ипэкIэ а къулыкъур 2015 гъэ лъандэрэ ирихьэкIащ техникэ щIэныгъэхэм я доктор Альтуд Юрэ Къамболэт и къуэм.

ЛЕСЕВ ВАДИМ Николай и къуэр 1977 гъэм къалъхуащ. Курыт школыр кьиуха нэужь, еджэным щыпащащ КъБКъУ-м и математикэ къудамэм. Ар диплом плъыжькIэ кьиухри, бгъэдэль щIэныгъэм щыхигъэхъуащ КъБКъУ-м и аспирантурэм. Студент илъэсхэм дзэзыхэха къэхутэныгъэхэм (ахэр епхащ дифференциальнэ уравненэхэмрэ) Лесевым нэхъри зригъэубгъуащ аспирантурэм щыщIэса зэманым икIи 2003 гъэм ирихьэлIэу хьэзыр ищIащ и щIэныгъэ лэжьыгъэщIэр. И диссертацэр Лесев Вадим къуэлIэныгъэкIэ пхигъэкIащ икIи а гъэ дыдэм абы къыфIащащ «Физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат» цIэ лъагэр.

2007 гъэ лъандэрэ Лесев Вадим КъБКъУ-м и доцентщ. БлэкIа иужьрей илъэсищым кьурибыдэу ар лэжьащ КъБКъУ-м егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкlэ и апэ проректору. Лесевым и кьалэмыпэм кьыпыкIащ щIэныгъэкъэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-методикэ лэжьыгъэу 120-м щIигъу.

ЩIэныгъэлI щыпкъэм, КъБКъУ-м и ректорыщIэм дохьуэхъу кьыхуагъэфэща кьулыкъу лъагэр угъурлы хуэхъуну, зыпэрыт Iэнатlэм адэкIи зригъэужьыну, ди щыналъэм ифI зыхэлъ екъулIэныгъэщIэхэр зыIэригъэхьэну.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Дыгъуасэ хъыбар гуаузэ кьытIэрыихьащ. Дунейм ехьажащ Щуйкин Мидэ Льюстэнащ и пхъур.

Тхыдэтх, зэдзэкIакIуэ, УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм хэт, «Дети войны» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ къудамэм и унафэщI, «Эстафета памяти» Iэхъур зи жэрдэм, зауэм, зауэ нэужь зэман гугъуэхэм халъуа сабийхэм ятеухуауэ тхыльэ къыдэзыгъэкIа, адыгэ хабзэр сабийхэм зэребгъэдж хъуну щыкIэр зыубзыхуа (ар егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэ институтым къыщтауэ щытащ сабийхэр щрагъаджэ, щагъасэ Iэхъуцlапlэхэм къагъэсэбэп хъуну), жылагъуэ лэжьыгъэкIэ жыджэру, гудзакъэ иIэу, цIыхуфIу дунейм тета Мидэ и унагъуэмрэ и Iыхьлыхэмрэ дахуощыгъуэ.

КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институт, Дунейпсо Адыгэ Хасэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэ, «Адыгэ псалъэ» газет, «Iуащхьэмахуэ» журнал, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэ.

«КъБР-Медиа» къэрал кIэзонэ Iэхъущlапlэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Къэбэрдей-Балъкъэр» телекомпанием, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь» газетхэм, «Литературная Кабардино-Балкария», «Iуащхьэмахуэ», «Минги Тау», «Солнышко», «Нур», «Нюр» журналхэм я редакцэхэм, «Эльбрус» тхыльэ тедзапIэм, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащIэ агентствэм, «Тетраграф» ООО-м я лэжьакIуэхэр **ТекIужь Заретэ Анатолий и пхъум** хуогузавэ абы и адэ **ТекIужь Анатолий Тlуцэ и къуэр** зэрылIам къыхэкIыу.

● Хъуэхъу

Цыхубэм сэбэп яхуэхъуныр зи гъащIэ гъуазэ

Щыlэщ цIыху, ар нэгъуэщIхэм къебгъэщIыхьун щхьэкIэ псалъэ лей ущыхуэмыныкъуэ. Апхуэдэр цIэрыIуэ мэхъу егъэлъэгъуа щапхъэхэр, и Iуэхущlафэ дахэкIэ, и дуней тетыкIэ екIуекIэ.

ЗИ ГУГЪУ тщIыну бзылъхугъэ зэи хущIэкъуакъым цIыхубэм захигъэфIыкIыну, и хьуэпсапIэри цIэрыIуэ хъуныртэкъым, атlэ нэхъыбэм сэбэп яхуэхъунырщ и гъащIэ гъуазэр. Джэш ФатIимэ и щIэм ехпащ цIыхум хэлъым хуей хьэл-щэн нэхъыфIхэр - гуапагъэр, пэжыгъэр, нэмысыфIагъэр, лэжьыгъэр фIыуэ лъагъуныр. Ахэращ абы и гъащIэр зыхуигъэпсар.

ФатIимэ жэуаплынигъэ зыпылъ Iэнатlэ куэдым пэрытащ. Бахъсэн щынальэм хьыхь Къызбрун Ещанэ кьуажэм дэт курыт школ №93-м физикэмрэ математикэмкIэ и егъэджакIуэу кьыщIидзэри, 1967 – 1981 гъэхэм ар лэжьащ ВЛКСМ-м и Бахъсэн районкым и етIуанэ, иужькIэ и апэ секретару, ВЛСКМ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и секретару, КПСС-м и Налшык къалэ комитетым и инструктору, партым и Октябрьскэ райкомым и етIуанэ секретару, КПСС-м и республикэ обкомым и инструктору. 1981 - 1987 гъэхэм ФатIимэ щытащ КПСС-м и Ленинскэ райкомым и апэ секретару, 1987 гъэм къыщыщIэдзауэ 2000 гъэ пщIондэ – КъБР-м и Профсоюз щхьэхуитхэм я федерацэм и советым и Iуэхуэр зезыгъакIуэу лэжьащ, КъБР-м и Парламентым и етIуанэ, ещанэ зэхуэсыгъуэхэм я депутату хахащ, Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэу щытащ.

Сыт хуэдэ Iэнатlэ пэрымытами, ФатIимэ и пщэ кьыдэхуэ кьалэнхэр ихьэлIу игъэзэщIащ. Ар жыджэру хэтщ КъБР-м щекIуэкI жылагъуэ-политикэ Iуэхуэхэм, цIыху зэпIэзэрыщIу, гуапэщ, гулыитэ зыхэлIащ. Джэшыр лэжьыгъэм фIыуэ хэзыщIыкI бзылъхугъэ губзыгъэщ, зи Iуэху еплъыкIэ зиIэжщ, сыт хуэдэ лъэпкъым щыщми дахэу ядекIуэкIыф, Iуэхур кьалэным щехьэлIам деж и щхьэми, и лэжьэгъуэми яхуэткIий, жылагъуэм я сэбэп зыхэлIэхэр апэ изыгъэщ цIыхущ. Джэшым хэлъхьэныгъэшхэр хуещI Къэбэрдей-Балъкъэрр Республикэм зэкъуэтэныгъэр, мамырыгъэр щытепщэу щытыным, лъэпкъэр зэгурыIуэу, зыззэхащIыкIыу зэдзэпсэуным. Абы хуэзфIокI я нэхъ Iуэху гугъу дыдэри захуагъэ хэлъу, зэпэщэчауэ зэфIихьын, цIыхуэхэм зэпабыдэ къиинхэм хэкIыпIэ тэмэмхэр къахуегъэуцуфI.

Урысейм парламентаризмэм зыщегъэужьыным хуищIа хэлъхьэныгъэшхуэм, екъулIэныгъэхэр иIэу республикэм и къэрал властым и органхэм илъэс куэдкIэ Iэнатlэ зэрыщыпэрытам уэрэдыр зэрыщигъэзащIэр зэ зэхэзыхам. «Гоголь-центр» театрым Серебренников Кирилл изгъабэ щигъэува «Барокко» спектакльр ящу щагъэльагъуэм гукъинэжу хэтащ ди хэкуэгъу пщащэр. КъищынэмыщIауэ, Москва и консерваторэм и аспирант Орлов Даниил и гъусэу Светланэ жыджэру зыкъыщигъэльэгъуащ УФ-м и Композиторхэм я зэгухьэныгъэмрэ Прокофьевым и цIэр зезыхьэ музеймрэ къызэрагъэпэща «Нелекторий «Петя и волки» проектым. Иджы дыдэ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ Тишман Марк Инстаграмым щиIэ напэкIуэцIым щызэбгрыгъэхащ и клипыщIэм Мамрэш Светланэ зэрыхэтым теухуа хъыбарыр. Артистхэм нэхьапэуэкIи щызэдалажьэну къахуихащ Марк и «Январь» уэрэдым хуищIа клипым.

Ди хэкуэгъу хъыджэбзыр «Голос» проектым и зэфIэкI зэрыщепльыжьыр гуапэщ. Светланэ театрымрэ киномрэ щиIэ екъулIэныгъэхэм дыкIэлъоплъ икIи дрогушхуэ.

ТекIУЖЬ Заретэ.

● Хъыбар гуапэ

Мамрэш Светланэ и ехъулIэныгъэхэр

Федеральнэ телевиденэм нэхъ щIэупщIа щызэIэу къалъытэ «Голос» шоум и еянэ зэпеуэм хэтщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ, «Гоголь центр» театрым и артисткэ Мамрэш Светланэрэ уэрэджыIакIуэ Бэрбэч Аскэррэ.

АРУАН районым хьыхь Нарткъалэ щыщ Мамрэш Светланэ курыт еджапIэр дыщэ медалкIэ кьиухащ. Журналист Iэщ1агъэм дихьэхми, зэрыцIыкIуэрэ театрым, уэрэд жыIэным зэфIэкI щызыIэ хъыджэбзыр Щепкиным и цIэр зезыхьэ (Москва) театр училищым щIэтIысхьащ. Светланэ режиссёр цIэрыIуэ Серебренников Кирилл и лэжьыгъэхэм зэпымыуэу кIэлъыплъу, ахэр игу иригъэжьэну гуп къыщIэрыхихыр къыщищIэм, и тхыдэхэр «Щепкэм» къыщIихьэжри, МХАТ-м и къэпщытакIуэ гупым иратащ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ абы къиухыжащ Ипполитов-Иванов и цIэр зезыхьэ музыкэ-педагогикэ институтым оперэмкIэ и факультетыр. Мамрэшыр театр спектакль, фильм куэдым гукъинэжу щыджэгуащ. Апхуэдэхэщ «Побег», «Побег-2», «Чужая мать», «Измена», «Взрослые дочери», «Паук», «Оптисты», «Довлатов», «А у нас во дворе» фильмхэр, нэгъуэщIхэри.

Мамрэш Светланэ и уэрэд жыIэкIэр ягу ирихьу къэпщытакIуэ гупым хэтахэу Меладзе Константин, Гагаринэ Полинэ, Шнуров Сергей сымэ зыкъагъэзат, абы дэлэжьэну хуейуэ, езым кьыхихар продюсер Меладзе Константинщ.

Мамрэш Светланэ 2009 гъэм телеэкранхэмкIэ ягъэлъэгъуа «Иван Грозный» фильмым щигъэзащIащ урыс пащтыхь Грозный Иван IV щхьэгъусэ хуэхъуа Гуащэнэ (Марие) и ролыр икIи ар абы кьехьулIауэ кьалытащ.

Светланэ 2015 гъэм ягъэ Налшык зыкъыщигъэльэгъуат, «ХьэтIэхъущхьэм и хадэ» фестивалым хьыхьу. Абы оперэ ариехэр гъэзэщIэным щиIэ зэфIэкIым шэч кIытрихьэжьынукъым «Девять» спектаклым «Птица» ящIэ зэхъуэхъу зэпымыдэхэм.

Зэпымыдэ зэхъуэмыдэхэм, Бахъсэн район администрацэм спортымрэ щIалэгъуалэ Iэхъуэхэмкlэ и къудамэм къабгъэдэкIыу ныбжьыщIэхэр ягъэпэжащ щIыхь, фIыщIэ тхыльэхэмкIэ, саугъэт лъапIэхэмкIэ.

«Мы сабийхэм я дежкIэ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ. Ди гулыитэрэ гуапагъэрэ зыхедгъэщIэну, дгъэгушхуэну ди мурадауэ араща», - жаIащ Iэхъум и жэрдэмщIакIуэхэм.

ЧЫЛАР Аринэ.

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 7, *щэбэт*

♦Цыыхухэр къызэрырашэкI авиацэм и дунейпсо махуэщ. 1944 гъэм дыгъэгъазэм и 7-м Чикагэ (США) Iэ щытрадзащ цIыхухэр къызэрырашэкI кхъухьлъатэхэм я лэжьэкIэр зыубзыху конвенцэм.

♦Урысейм и Дзэ-Хьэрш Къарухэм я инженер-авиацэ къулыкъум и лэжьакIуэхэм я махуэщ

♦Къэрал Эрмитажыр къыщыззрагъэпэща махуэщ. 1764 гъэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ ЕтIуанэм Бельгием, Голландием щыщ сурэтыщI зыбжанэм я IэдакъэщIэкIхэр къыщIохуащ. Аращ дуней псом щыщIэрыIуэ, УФ-м и лъэпкъэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэ нэхъыщхьэхэм хабжэ музейм лъабжьэ хуэхъуар.

♦Украинэм щыпIэ самоуправленэмкIэ и органхэм я махуэщ

♦Армением щIыр щыщыхьеям хэкIуэдахэм я фэепльэ махуэщ. 1988 гъэм дыгъэгъазэм и 7 пщэджьжьым щIыр баллибгъу и лъэщагъыу щыхъежащ Армением и ищхьэрэ щыналъэм. А къэхуэкъащIэ шынагъуэм хэкIуэдащ цIыку мин 25-м щIигъу, мин 19-м нэблагъэ ныкъуэдыкъуэ хъуащ, псэупIэншэу къэнауэ щытащ цIыху мин 530-рэ. ЩIым щыщ хъуат Спитак къалэмрэ къуажэ 58-рэ, жылэ 300-м щIигъум зэранышхуэ хуэхъуат щIыхьейр.

♦1725 гъэм Петербург щызэхэтащ Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием и апэ зэхыхьэр.

♦1732 гъэм инджылыз актёр Рич Джон къызэригъэпэщащ Лондон и Пащтыхь театрыр. Абы фIащащ здэщыт Ковент-Гарден утыкум и цIэр.

♦1877 гъэм США-м щыщ къэхутакIуэ, хьэрычэтыщIэ Эдисон Томас къигуфыса граммофоным и зэфIэкIыр игъэлъэгъуащ.

♦1934 гъэм Киров, Омск, Оренбург областхэмрэ Красноярск краймрэ къызэрагъэпэщащ.

♦1941 гъэм Япониер США-м и дзэ-тендзыкIэ флотым и базэ нэхъыщхьэхэм я хэщIапIэ Пёрл-Харбор кхъухь тедзапIэм ящхьэудэмыщхьэуэ теуащ. Абы кхъухьрэ кхъухьлъатэу, нэгъуэщI техникэу куэд дыдэ щызэтракъутат, америкэ сэлэт мини 3,5-рэ хэкIуадат. США-м я зэманым иIа хы Хуэм флотым и нэхъыбапIэр абдежьым щыщIэфIэкIуэдауэ кьалытэ.

♦1958 гъэм РСФСР-м и тхакIуэхэм я апэ съездыр къызэIуахащ.

♦1976 гъэм Тулэ «Къалэ-ЛIыхъужь» цIэр фIащащ.

♦1994 гъэм Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и Конституцэр къащтащ. Парт, къэрал къулыкъущIэу, СССР-м щэнхабзэмкIэ и министру щыта **Фурцевэ Екатеринэ** къызэралъхуэрэ илъэси 109-рэ ирокъу.

♦Совет кхъухьлъатэзэехуэ **Будановэ Екатеринэ** къызэралъхуэрэ илъэси 103-рэ ирокъу. Хахуагъэ къигъэлъагъуэу Хэку зауэшхуэм хэтащ ар, нэмыцэхэм я кхъухьлъатэ 11 кьриудыхащ. 1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м Екатеринэ уэгум къыщегъэрыкIуащ нэмыцэ кхъухьлъатищ. Зы истребителыр кьриудыхьи хуэзфIэкIами, езым и кхъухьлъатэми уэгум зыщIиигъыфащкъым, кхъехэхри Екатерини зэкIуэдащ. УФ-м и Президентым и Указкlэ 1993 гъэм и жэпуэгъуэм Будановэ Екатеринэ Урысейм и ЛIыхъужь цIэр фIащауэ щытащ.

♦Совет актёр цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Вельяминов Пётр** къызэралъхуэрэ илъэс 93-рэ ирокъу.

♦Урысей музыкант, уэрэджыIакIуэ, актёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Мазаев Сергей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 – 3, жэщым щIыIэр градуси 5 - 4 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 8, *тхьэмахуэ*

♦Сурэтыщ1ым и дунейпсо махуэщ. Ар гъэлъэпIэныр 2007 гъэм кьыхилъхьауэ щытащ «Дунейм щыпсэу лъэпкъэхэм я гуэзджэ» дунейпсо зэгухьэныгъэм.

♦Урысей казначействэр къыщыззрагъэпэща махуэщ. 1992 гъэм УФ-м и Президент Ельцин Борис Iэ щIидзащ «Федеральнэ казначействэм теухуауэ» законым.

♦Узбекистан Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъуэщ - я Конституцэм и махуэщ

♦1832 гъэм къызэрагъэпэщащ Урысейм Iэщэкlэ Зэщlэуэзэда и Къарухэм я Штаб нэхъыщхьэм и Дзэ академиер.

♦1955 гъэм Европэм и Советым и ныпыр къащтащ. Иджыпсту ар Европэ союзым и ныпщ.

♦1980 гъэм рок-музыкант, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, композитор, усакIуэ, художник, «Битлз» гупым (Инджылыз) и къызэгъэпэщакIуэ икIи и пашэ Леннон Джон Нью-Йорк щаукIащ.

♦1991 гъэм РСФСР-м и Президент Ельцин Борис, Украинэм и президент Кравчук Леонид, Беларусь Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщI Шушкевич Станислав сымэ Iэ щIадзащ СССР-р зэрыщымыIэжьым, Къэрал Щхьэхуитхэм я Зэгухьэныгъэр (СНГ) къызэрызэрагъэпэщым теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦Уэрэджыакlуэ, УФ-м щыхь зиIэ и артисткэ **Щэрий Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Совет космонавт, авиацэм и генерал-лейтенант, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Шаталов Владимир** и ныбжьыр илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, РСФСР-м щыхь зиIэ и артисткэ **Румяновэ Кларэ** къызэралъхуэрэ илъэс 90 ирокъу.

♦Киномрэ театрымрэ я актёр цIэрыIуэ, Урысейм и цIыхубэ артист **Борисов Лев** къызэралъхуэрэ илъэс 86-рэ ирокъу.

♦СССР-ми УФ-ми я цIыхубэ артисткэ, УФ-м и Къэрал саугъэтыр плIэнэрэ зыхуагъэфэща **Фрейндлих Алисэ** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Урысейм и цIыхубэ артист **Стеблов Евгений** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦США-м щыщ, дуней псом щыцIэрыIуэ актрисэ, «Оскар» саугъэтыр зрата **Бэсинджер Ким** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ адыгэ кинорежиссёр, Японием, Ираким, Иорданием щекIуэкIа кинофестивалхэм я саугъэтхэр зыхуагъэфэща **Анзор Нэждэт** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шыд Андемыркъан** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Голуб Маринэ** къызэралъхуэрэ илъэс 62-рэ ирокъу.

♦АР-м и цIыхубэ сурэтыщI **Еутых Iэсият** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 5, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 9, *блыщхьэ*

♦ЛъэпкъгъэкIуэд щIэпхъаджагъэм хэкIуэдахэр ягу къыщагъэкIыж, геноцидыр мыдэным я дунейпсо махуэщ

♦IулъхьэтынкIыныр пэщIэтыным и дунейпсо махуэщ. 2003 гъэм Меридэ къалэм (Мексикэ) щекIуэкIа конференцым Iэ щытрадзауэ щытащ ЛъэпкъэЗэкъуэтэхэм я Зэгухьэныгъэм Коррупцэм пэщIэтыным хуэунэтIауэ къыщта Конвенцэм.

♦Урысейм щагъэлъапIэ Хэкум и ЛIыхъужьхэм я махуэр

♦Урысейм и гъущI гъуэгу транспортым шынагъуэншагъэм щыкIэлъыплъынымкIэ и Iэнатlэр къыщыззрагъэпэща махуэщ

♦1968 гъэм кьагупсысащ компьютерым пыщIауэ зэрылажьэ «дзыгъуэ цIыкIур».

♦1992 гъэм США-м щIэныгъэхэмкIэ и лъэпкъ академием къыщыззрагъэпэщащ «Сорос и Фонд» зыфIащауэ зэгухьэныгъэр. Ар зи жэрдэмри зи мыльъкуклэ лажьэри мелардыфыжьэ Сорос Джорджщ (иджыпсту абы доллар мелард 24,9-рэ иIэу къагъэлъэгъуэ).

♦Урысей армэм и генерал-майор, къэралым и дамыгъэ лъапIэ куэд зыхуагъэфэща **Анзор Хьэту** къызэралъхуэрэ илъэс 217-рэ ирокъу.

♦Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Къэрал Эрмитажым и унафэщI **Пиотровский Борис** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ актёр, продюсер, режиссёр цIэрыIуэ **Малкович Джон** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъШКъУ-м и профессор **Шауэхужь Замир** и ныбжьыр илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 4 - 5, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIЭМЫХУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нэхъыжьым жьэ ет, нэхъыщIэм гъэугу ет.

Сабийхэр ягъэгушхуэ

● Гулытэ

Бахъсэн районым хьыхь Ислъэмей къуажэм дэт курыт школ №91-м зи уэзыншагъэм сэкъат иIэ сабийхэм папщIэ «Сэ дунейм гугъэ сиIэу сыхоплъэ» фIэщыгъэм щIэту зэхьихьэ ящIэщIэгъуэн щрагъэкIуэкIащ.

ХЬэТIОХЪУЩЫКЪУЕЙ, Къэсей-хьэблэ, Жанхъуэтекъуэ, Исльэмей, Тыжьей, Кьубэ-Тэбэ, Псыхъурей, ПсыкIэху къуажэхэм кьикIа сабий 40 хэтащ спорт джэгукIэ, нэгуэныжь Iэзыхгъуэ зэхуэмыдэхэм.

ЗэIущIэм и къызэрэтекъуэ, Исльэмей, Тыжьей, Кьубэ-Тэбэ, Псыхъурей, ПсыкIэху къуажэхэм кьикIа сабий 40 хэтащ спорт джэгукIэ, нэгуэныжь Iэзыхгъуэ зэхуэмыдэхэм.

Зэпымыдэ зэхуэмыдэхэм, Бахъсэн район администрацэм спортымрэ щIалэгъуалэ Iэхъуэхэмкlэ и къудамэм къабгъэдэкIыу ныбжьыщIэхэр ягъэпэжащ щIыхь, фIыщIэ тхыльэхэмкIэ, саугъэт лъапIэхэмкIэ.

«Мы сабийхэм я дежкIэ мыпхуэдэ зэхьыхьэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ. Ди гулыитэрэ гуапагъэрэ зыхедгъэщIэну, дгъэгушхуэну ди мурадауэ араща», - жаIащ Iэхъум и жэрдэмщIакIуэхэм.

ЧЫЛАР Аринэ.

ЖУРТ Биберд

ШЫДЫГЪУ

Детектив повесть

(КІэхъыр. ПэщІэдзэр №№138, 139, 140, 144, 145-хэм итщ).

XIV

Мылицэм къыщІэкІыжри, Езид занщІэу кІуащ Дианэ зыщІэт аптекэр зыхэт унэм. Абы щыпсэурт Езид и къуажэгъу, и цІыхугъэ цІыхубз. Пэжу, ар Къэрэжан и унэм зэи щыІатэкъым, ауэ щІэупщІэнкъэ, щІэупщІэмэ, къажрапІэнщ.

ПщІантІэм джэгуу сабий зыбжанэ дэтт, адэІуэкІэ, тетІысхъэпІэ кІыхьми фыз зыщыпплІ тест, сэхуран яІунщІрэ уэрщэру. Мис абыхэм ящыщ щым кърагъэлъэгъуащ Къэрэжан и фэтэрыр екІи къэжриІащ:

- Ар щыбгъуэтынур щэджагъуэ нэужьырщ.

- Ярэби, щыпажьэр фымыщІэу пІэрэ? - щІэупщІащ Езид, мащІэу Іэнкуну.

- Дэнэ щыпсыжьэн, щолажьэ а псори щылажьэм! - къытащ жэуап нэгъуащІ зы цІыхубзым.

- КъызгурыІуакъым, цІыхубз, дэнэ псори щылажьэр?

- Хьым, - къыпІуфІыкІащ ар, - псори щылажьэр бззэрыщІ

Езид абы къыфІиммыгъэкІыу пщІантІэм къыдэкІыжащ. Дауи, нэхъыфІт унэм нэхърэ нэгъуэщІыпІэ щыхэзамэ, Дианэ щхьэкІэ игъэпсэлъэну мыкІуа хуэдэу. Армыхъумэ, щІыхубзхэм абы дунейм тет псор кърахьинкІэ мэхъу. Ауэ Езид зы щыуагъэ ищІащ пщІантІэм къыщыдэкІыжым, Къэрэжан зытет бззэрым щІэупщІакъым. Ауэ, къыгуэтынщ, дэнэ кІуэн?]

Езид лъэсу ехащ бззэрым, нэхъапэм «бззэр щыкІуэкІэ» дызэджэу щытам. Илъэс зыбжанэ щІауэ техьэжатэкъым полковникым бззэр. Иджы къыпхуэцІыхужу зы щІыпІэ закъуи иІэкъым. СыткІэ къыцІыхужкІи - уи лъакъуэ щыбгъуэвын къудей иІэжкъым зыщІэкэр темысу, къэзыщэхуэрщи, хьэпІацІэм хуэдэу зэрызохъэ. Бззэр жаІэ щхьэкІэ, мыпхуэдэ бззэр дыдэ хэт илъэгъуа игъащІэм, илъагъун дэнэ къэна, жаІэуи яІуатэуи зэхихатэкъым. «Сыту бзылъхьышхуэ, бзылъхьмыухьж хадза цІыху цІыкІур мыкъэралигъэушхуэр зэхэзыкъутахэм» - егупсысащ ар. ИгъащІэ псокІэ ятелъын хьэзаб трапъхьащ. Дауи, хъужьыщ дунейр нэхъыфІ, зэпымыууэ екІуэкІынкъым апхуэдэ зэхэвзэзэжьэрэ щхьэж игу кІыхьэр ищІэу. Ауэ ар езы Езиди нобэ мы бззэрым тетхэми ялъаГъуну къыщІэкІынукъым.

Апхуэдиз зэхэзэрыхьам кышІэгъуэтынІам и гугъэр хихьжауэ, Езид бззэрым кьыштекІыжащ. Ари Іейкъым, илъэгъуащ нобэрей бззэрыр зиІысыр. Пэжщ, бззэр дыхьэпІэм зэрыфІэкІа щыІэкъым, ауэ ар си щІэдзапІэм, нэхъыфІкІэ уэзрыщыгугъын щыІэкъым.

Пщыхьэщхьэм, Къэрэжан къыщыкІуэжьну нэхъ щыхуигъэфащэм, Езид абы деж тригъэзащ. ПщІантІэр нэхъ Іэуэльауэт: иджы гуп зытІущу зэхэст. Езид жыжьэу къыпІагъури, къыпежьащ Къэрэжан.

- Уэлей, Езид, сытым къыхэпха, си дэпъхушхэ?

- Сыт ухуэдэ, Къэрэжан, тхьэм жиІэм? - тІэкІри Іэнкуну щІэупщІащ Езид. - СпІо, хъунукъэ щІэупщІакІуэ сыкъакІуэ?

- Сыт Іей щІэмыхьунур, хунуг аращ езыр! Азалхьэ дызыкІэлъыкІуэ-дызыкІэлъысу щытын хуейтэм, ауэ нобэ апхуэдэущ гъащІэр, зэІыхьы дыдэхэри щІагъэуу зэкІэлъыкІуэркъым. НакІуэ, ныщІыхьэ.

- Хьэуэ, Къэрэжан, сынышІыхьэуи сыт, ауэ ди хьэдрыхэ псалъэщ, зыгуэр щхьэкІэ сыноупщІну арат.

- А-а, Езид, Тхьэм щхьэкІэ, ныщІыхьэ!

- Хьэуэ, накІуэ модэ, мо зыри зытемыс тетІысхьэпІэ кІыхьым дытІысынщ.

- Алыхь ар хьэщІапІэ кІуэкІэ къыхсуэмыхьуа! - мащІэу и жагъуэ зэрыхъуар къапщІэу жиІащ Къэрэжан. - Сынодалъэ, си дэлъхуншэ, Алыхь сэ хьыжжеПІаро мо къуржышъыжьым жепІаро тІури зым, зы псалъэ дунейм къытезгъэхьэнкъым.

- Сэри апхуэдэущ сызэрыпщыгугъыр, Тхьэр арэзы къыпхухъу.

Езид и псалъэр зэпигъэури, итІанэ пищэжащ:

- Мы аптекэм щылажьэ цІыхубзым теухуауэ сыт къызжепІэфын, Къэрэжан, и хьэл-щэн, и дуней тетыкІэ, сэ сщІэ мыгъуэрэ...

- Ей, бзаджэжь, бзаджэжь, уощІэ уэ нэ зэпщэнур! - къыпІуфІыкІащ цІыхубзыр. - Алыхь фІы дыдэу ущысам, уи бынри хъуам, зыми емыкІу уажьмышІэн иджы зы пІэщхьагъ зэбгъэгъуэтыжми! - жиІэу Къэрэжан къыщІигъажьэм, Езид дэпым хуэдэу къыізэщІэнащ.

Абы зыгуэр жиІэну хунэмысу, Къэрэжан и псалъэм пищащ:

- Алыхь дэгъуэмэ, икъукІэ цІыхубз къабзэпІабзэмэ, къэвжауэ къупеймэ, сэ сщІэ мыгъуэрэ, зи абы ущыблэІэбыкІын щымыІэ. Мы хущхъуэ щапІэ къудейр сытым хуэдэу игъэлажьэрэ абы. ТкІэмыщкІэ мыгъуэм щІалэ цІыкІуитІ къыхуэнэри, и лыр яуклащ. Уэри пщІэн хуейщ ар, абы и лыр мылицэм хэтащ. Мис а илъэситІ ипэкІэ мо «Горнэмкіэ» щауклар...

- Къэрэжан, сэ мы цІыхубзыр дахэ-дахэуи сцІыхуркъым, къэсшэн Іуэху лъэпкъи зесхуэркъым, лэжьыгъэ ІуэхукІэ сыхуейуэ аращ.

- Аіей мыгъуэ, сэ къэпшэн сфІэщІри, сыгуфІати!

- А зиунагъуэрэ, ар щІалэщ, дахэщ, еэыми щІалэ дахэ жиІэнкъэ? - дихьэшхащ Езид. - ИтІанэ, иІэІуэ къыщІэкІынщ, ар зи дахагъ, зи къуленгъ ауэ щІагъэсэн уфІэщІрэ?

- КъэкІуэ абы и деж зылІ, ТхьэуэрэкІэрэ мынэхъыжьмэ, мынэхъыщІэ.

- Плъагъуркъэ, зыгуэрхэр иІэщ. Дауи, къулейуэ къыщІэкІынщ ари.

- И къулеягъри Тхьэм ищІэнщ, нэгъуджэ фІыцІэ хъужауэ, си псэм фІыуэ илъэгъуакъым. Гъэмахуи щІымахуи зыІуихыркъым а нэгъуджэ фІыцІэжьыр!

- Фіы дыдэу боцІыху ахэр, - къыпІугуфІыкІащ Езид, адэкІи Къэрэжан и псалъэхэм зыгуэрхэр къыпищэмэ зэрыфІэфІыр ІупщІу.

- СоцІыху, си дэлъхужь, хущхъуэ щапІэр къыщызэІуахагъащІэм зэлъыІуСхьу щытащ. Зы илъэс нэскІэ зэлъыІуСха, илъэситІкІэ зэлъыІуСха, сщІэжьркъым.

- КъэкІуэ абы и деж зылІ, Тхьэ уэрэ нэхъапэм «бззэр цІыкІуКІэ» дызэджэу щытам. Илъэс зыбжанэ щІауэ техьэжатэкъым полковникым бззэр. Иджы къыпхуэцІыхужу зы щІыпІэ закъуи иІэкъым. СыткІэ къыцІыхужкІи - уи лъакъуэ щыбгъуэвын къудей иІэжкъым зыщІэкэр темысу, къэзыщэхуэрщи, хьэпІацІэм хуэдэу зэрызохъэ. Бззэр жаІэ щхьэкІэ, мыпхуэдэ бззэр дыдэ хэт илъэгъуа игъащІэм, илъагъун дэнэ къэна, жаІэуи яІуатэуи зэхихатэкъым. «Сыту бзылъхьышхуэ, бзылъхьмыухьж хадза цІыху цІыкІур мыкъэралигъэушхуэр зэхэзыкъутахэм» - егупсысащ ар. ИгъащІэ псокІэ ятелъын хьэзаб трапъхьащ. Дауи, хъужьыщ дунейр нэхъыфІ, зэпымыууэ екІуэкІынкъым апхуэдэ зэхэвзэзэжьэрэ щхьэж игу кІыхьэр ищІэу. Ауэ ар езы Езиди нобэ мы бззэрым тетхэми ялъаГъуну къыщІэкІынукъым.

Апхуэдиз зэхэзэрыхьам кышІэгъуэтынІам и гугъэр хихьжауэ, Езид бззэрым щыкІыжащ. Ари Іейкъым, илъэгъуащ нобэрей бззэрыр зиІысыр. Пэжщ, бззэр дыхьэпІэм зэрыфІэкІа щыІэкъым, ауэ ар си щІэдзапІэм, нэхъыфІкІэ уэзрыщыгугъын щыІэкъым.

Пщыхьэщхьэм, Къэрэжан къыщыкІуэжьну нэхъ щыхуигъэфащэм, Езид абы деж тригъэзащ. ПщІантІэр нэхъ Іэуэльауэт: иджы гуп зытІущу зэхэст. Езид жыжьэу къыпІагъури, къыпежьащ Къэрэжан.

- Уэлей, Езид, сытым къыхэпха, си дэлъхушхэ?

- Сыт ухуэдэ, Къэрэжан, тхьэм жиІэм? - тІэкІри Іэнкуну щІэупщІащ Езид. - СпІо, хъунукъэ щІэупщІакІуэ сыкъакІуэ?

- Сыт Іей щІэмыхьунур, хунуг аращ езыр! Азалхьэ дызыкІэлъыкІуэ-дызыкІэлъысу щытын хуейтэм, ауэ нобэ апхуэдэущ гъащІэр, зэІыхьы дыдэхэри щІагъэуу зэкІэлъыкІуэркъым. НакІуэ, ныщІыхьэ.

- Хьэуэ, Къэрэжан, сынышІыхьэуи сыт, ауэ ди хьэдрыхэ псалъэщ, зыгуэр щхьэкІэ сыноупщІну арат.

- А-а, Езид, Тхьэм щхьэкІэ, ныщІыхьэ!

- Хьэуэ, накІуэ модэ, мо зыри зытемыс тетІысхьэпІэ кІыхьым дытІысынщ.

- Алыхь ар хьэщІапІэ кІуэкІэ къыхсуэмыхьуа! - мащІэу и жагъуэ зэрыхъуар къапщІэу жиІащ Къэрэжан. - Сынодалъэ, си дэлъхушхэ, Алыхь сэ хьыжжеПІаро мо къуржышъыжьым жепІаро тІури зым, зы псалъэ дунейм къытезгъэхьэнкъым.

- Сэри апхуэдэущ сызэрыпщыгугъыр, Тхьэр арэзы къыпхухъу.

Езид и псалъэр зэпигъэури, итІанэ пищэжащ:

- Мы аптекэм щылажьэ цІыхубзым теухуауэ сыт къызжепІэфын, Къэрэжан, и хьэл-щэн, и дуней тетыкІэ, сэ сщІэ мыгъуэрэ...

- Ей, бзаджэжь, бзаджэжь, уощІэ уэ нэ зэпщэнур! - къыпІуфІыкІащ цІыхубзыр. - Алыхь фІы дыдэу ущысам, уи бынри хъуам, зыми емыкІу ужьмышІэн иджы зы пІэщхьагъ зэбгъэгъуэтыжми! - жиІэу Къэрэжан къыщІигъажьэм, Езид дэпым хуэдэу къыізэщІэнащ.

Мурадащ а Іуэхур Капитан къыІахьжу нэгъуэщІ следователь иригъэтыжыну, Капитан тезырышхуэ тригъэлъхьэну. АрщхьэкІэ, Іуэхур зыІутыр, адэкІэ и мурадхэр тэмэму къызэхуэсахэм яжриІа иужь, Капитан мыкъуаншэу къалъытащ. Исуф хьэйм икІаеу кІийрт, щІэнхъаджагъэ зыщІэхэр къэзыубыдхэр мылажьэу жиІэу.

Капитани щІыхуэ къызытринакъым - абы Исуф жриІащ, езым зыри щимыщІэкІэ, лажьэхэм зэран яхуэмыхъуну. Илъэс куэд щІауэ Капитан къыдэлажьэхэм нобэ хуэдэу ар къэгубжьауэ зэи яльэгъуатэкъым. Махуэ псор ирихьэкІащ Капитан апхуэдэу къэгубжьаурэ зилыгъэжьу. Уеблэмэ, Заурбэч зэ дзгушІэну иужь ихьати, зэуэ иригъэтІысэхыжащ.

- Уэ дыгъуасэ уэдэщыІам сыт и хъыбар? - щІэупщІащ Капитан къыдэмыплпэйуэ.

- Ныжэбэ сыхьэт пщыкІуэ пщІондэ дыкІэлъыплпащ Дианэ и унэм, ауэ а дызэжьаХэри нэгъуэщІи къытІощІэлъэгъуакъым.

- Дэгъуэщ. Иджыпсту хущхъуэ щапІэм ехи, Дианэ къашэ, а здэтщІэхэм щыщ къыпІэщІэлъэгъуэнкІэ хъунущ, набдзэгубдзаплъэу зыплъыхь.

Заурбэч аптекэм щыщІыхьам Дианэ и закъуэт. Мылищэ щІалэр щилъагъум, цІыхубзыр къэскІащ, мащІэуи фагъуэ хъуащ.

- ЩІалэ цІыкІуитІкІи сыт хуэдэ? - псалъэмакъэр къыщыщІидзэнур имыщІэу, Заурбэч жиІащ япэу и щхьэ кІихьар.

- Фіыщ, ди гъунэгъу фызыжьыр ябгъэдсащ жэщитМи, фІыгъэу щыІэр Алыхьым къыхуищІэ.

- Псапэ къихьащ, - жиІащ Заурбэч.

ЩІалэм хъэгъэпэщыртэкъым Дианэ мылицэм зэриушэр зэрыжриІа хъуну щыкІэр. Гуэвэрт, аргуэру зыгуэр къыщыщІрэ дохутыр къриджэн хуей хъумэ, жыхуиІэу. Диани и псэм къищІат следователь абы и щІалэ цІыкІуитІым щІэупщІэну къызэрымыкІуар.

- Дианэ, - къригъэжьащ щабэу Зарбэч, - си гъусэу мылицэм унэмыкІуэу хъунукъым, къэдрэ уд-гъугъвэнкъым, уэзрысшам ещхьыркъабзэу укъэсшэжынщ.

Дианэ «хъунщ» жыхуиІэу и щхьэр ищІа мылъэмэ, абы къыфІигъэкІакъым, и плащыр зытридзэри къыщІэкІащ. Къыщыщ1экІым бжэм дежь тхьылъмпІэ кІапІэ кІэрилъхьащ: «Сыкъэгувэнукъым» - жиІэу тетхаэ.

Капитан щыст Дианэ пэплъэу, абы зэрыпкърыупщІыхьынум зыхуигъэхьэзыру. «Псом ящхьэр и фІэщ сыхъунырщ, - егупсысыр Капитан, - и фІэщ сымыхьэмэ, пэжыр къыізжиІэнукъым».

Абы хэту Заурбэчрэ Дианэрэ зэгъусэу кабинетым щІыхьащ. Капитан къэтэджри, гуапэ дыдэу цІыхубзым сэлам ирихащ, и щІалэ цІыкІуитІым, езы Дианэ я Іуэху зытетым щІэупщІащ. Хуэм-хуэмурэ ар Дианэ и мэсхьэбым ихьащ, цІыхубзри езым ейм къриншащ. Апхуэдэу тІэкІурэ зэпсэлъа иужь, Капитан къригъэжьащ:

- Дианэ, си шыпхъу цІыкІу, уэ икъукІэ Іуэху мыщхьэмыпэ ухэхуащ. Абы и инагъ псори, абы и кІэм къриклэнуэхэри уэ нэсу къыбгурымыІуэнкІи хъунущ. Мис мыбдеж следователитІ дыщысщ, тІуми быдэу ди фІэщ мэхъу уэ узыхэхуэ зэрыхьэзэрийм уи Іуэху лъэпкъ зэрыхэмыльыр, зыкІи уэзрымыкъунашэр. А хущхъуэ щапІэм къыщІахам ууейуэ зыри зэрыхэмыльри фІы дыдэу къыдгуроІуэ. Хэтми, зыгуэрым куууэ ухигъэпкІащ. Іуэхур зыІутыр заншІэу бжесІэнщ, мис Заурбэчи сэри нэгъуэщІ щІалэ гуэрхэри, хуабжьу дыхуейиуі дыбдзІэпікъуну. Уэ ухуей уи щхьэм удэІэпыкъуэну? Аращ иджыпсту псом нэхърэ нэхъыщхьэр. Зы щхьэм удэІэпыкъуэну ухуэмеймэ, псори уэ зыкІэрыпІлъэжьынумэ, абы и Іуэхур щхьэхуэщ. Ауэ егупсыс уи сабиитІым, абыхэм я къэкІуэнум. Уэ лъэхъуэщым урагъэтІысхьэмэ, зы илъэскъым икІи илъэситІкъым уэзрисынур, цІыкІуитІри сабий зеиншэжэр щащІ унэм иратынуц. АдэкІэ абыхэм я гъащІэр зэрыхъунур зыми ищІэркъым. А жыхуэсІам хуэдэу хъуну ухуэмеймэ, пэжыр къыджеІэ. Иджыри зэ жызоІэри, дэ хуабжьу дыбдзІэпікъуну, мы Іуэху мыфэмыщым укъыхэтшыну дыхуейщ.

Дианэ и нэпситІыр уэру къежэхырт, зыри къызэрымыкІ ипкъ-кІэ тхьэмыщкІафэкІэ еплъырт следователхэм. И ногуми къищырт ар зэрыгуитІщхьитІыр.

- Дианэ, дэ зи Іуэху зетхуэр уэращ, уи сабиитІырщ, фэ лей къызэрыфтемыхьэныр, - къриГъэжьащ Заурбэчи, - бэлыхь зытумылъхьэж.

- Наркотикымрэ долларымрэ зейр ЩІхэужь Къаниболэт ясэмэрэ абы и къуэш Къарней? - зэуэ щІэупщІащ Капитан.

Дианэ къэскІащ. Ар и щІыхьэт Капитан лъагъуэ захуэм зэрытехьам. Дианэ зэрыгуитІщхьитІыр щилъагъум, Капитан аргуэру щІэупщІащ:

- Аптекэр зейр зэкъуэшитІым щыщу дэтхэнэрэ?

- СауКІыну мыгъуэщ, сэри сакъынурэ си щІалэ цІыкІуитІри яуклІынущ! - макъкІэ гъыуэр жиІащ Дианэ, - а фызыщІэупщІахэм щыщ гуэр и кІапэ фытезгъэхьэмэ, зэкъуэшитІым сакъелынукъым. Ахэр цІыкухьым, хьэкІэжхъэкІэщ, уеблэмэ, хьэкІэжхъэкІэмэ къыщынэжырыкъым!

- Дианэ, си шыпхъу цІыкІу, абыкІэ уигу къыумыгъаскІэ. Уи щІалэ цІыкІуитІми, уэрэ фи щхьэц нальэ хэхуныкъым. АбыкІэ сэ псальэ быда уэзот, - Капитан щыжиІэм, Дианэ хъэпсэльащ:

- Уэ жэщи махуи дыпхъумэу ущысын, ахэр жеинкъым, - адэ и гущІэм къыщежьэу щэтащ цІыхубзыр, - сэ жызоІэри - ахэр цІыкІукъым.

- Іуэхур дэ дызэригугъэм хуэдэу къыщІэкІмэ, Дианэ, ахэр лІыжь кхъахэ дыдэ хъуаузщ дунейм къыщытехьэжынур, уаукІынкъым, - жиІащ Заурбэч.

- Ари къытехьэжу щытмэщ, - дыщІигъуащ Капитан.

- Пэж дыдэу, къытехьэжу щытмэ! - ярэзыт Заурбэчи.

Дианэ нэгъуэщІ къыхуэнакъым, псори зэрыщытыр жиІэжьи мылъмэ. Іуэхур Капитанрэ Заурбэчрэ зэрагуГъам хуэдэтэкъым, кудкІэ нэхъ гъэщІэгъуэнт икІи нэхъ гуГъут. Ауэ, Іэпэдзэпіэ зыкъомиІэт.

Хущхъуэ щапІэр Дианэ и щІэкІэ щыт щхьэкІэ, Капитан зэригуГъауэ, ЩхьэжжэкІэ зэкъуэшхэм яІит, Дианэ лэжьапщІэу маззэм сом миниТІ къудейт иратыр. Хущхъуэ щахъумэ пэшхэр зытІущ къурти, зы пэш закъуэт Дианэ зыщІыхьэфыр, адрейхэм я ІункІыбзэкэр зэкъуэшитІым яІыгът, сыт щІэлъми, сыт щІэсми Дианэ хищІыкІыртэкъым. Хущхъуэхэр къэзышэри зэкъуэшитІырт, къэзыдрашри ищІэртэкъым, ауэ сыт щыгъуи нэхъ хущхъуэщІэу, хущхъуэфІу къежьэ псори къашэрт. Дианэ зыщІэт аптекэм и мызакъуэу, нэгъуэщІ зыбжани яІэт абыхэм, ахэри Дианэ и щІэкІэ щытУ. АрщхьэкІэ, ахэр дэнэ щыІэми Дианэ зыри хищІыкІыртэкъым. КъищынэмыщІауэ, Дианэ и щІэкІэ Псыхуэбэ дэтт ерыскъы щащІэ тыкъэнышхуэ. Абы тІорэ-щэрэ щыІат Дианэ, щІэтхэри ищІэрт. Ауэ ар зыгъэлажьэкэр псори Псыхуабэ щыщт.

ДианэрэЩхъуэжь зэкъуэшхэмрэ мыІеІуэ зэхущытащ аптекэр къыщыізэІуахагъащІэм, ауэ зэкъуэшхэм я цІыхугъэри напэри яфІэкІыуэ дауэ ирагъэлей щыхъум, зэщцІеІжат. Дианэ хуейт зыкъом щІауэ лжьапІэр хьифІидзэу ІукІыжьну, ауэ зэкъуэшитІым къаутІыпщІыртэкъым, яІыгът шынагъэкІэ. Хущхъуэ нэпцІхэр къэзылъхьхуэхэр щахуэкІуа махуэм, Заурбэчрэ Езидрэ щыщІэтам, аптекэм щІыхьар Щхьужьжь Къарней. Дианэ адэкІэ щІишэри кърикуащ, кьефыщІауэ щІидзащ. Апхуэдэу щыхъум, Дианэ зишэщІри мобы и нэкІум еуащ къаруэу иІэмкІэ. Къарней къэгубжьри, пэшыбжэр имыгъэбыдэжу аптекэм къыщІэкІыжащ Абы ирихьэлІащ къэпщІакІуэхэри, армыхъумэ, наркотики доллари къагъэтынутэкъым. Дауэ къэбгъуэтын, пэшым ущІамыгъэхьэмэ?!

Иджы псори сэтей къэхъуащ. Капитан унафэ ищІри, Дианэ яшэжащ. Ар пэшым къыізэрыщІэкІыжу, Капитан цІыху зыхыбл игъэкІуащ, Диани аптекэри яхъумэну. Капитан зэрегупсысымкІэ, нобэ Іэмал имыІэу абы къэкІуэнут Щхьэужь зэкъуэшитІыр, тІури къэмыкІуэми, зыр къызэрыкІуэнум шэч лъэпкъ къытрихьэртэкъым. Мис а къакІуэр ярыбдину арат гупым я къалэн нэхъыщхьэр.

- КъыщІывубыдынур къыщІэкІыжа иужькІэщ, - унафэ хуищІащ гупым я нэхъыжьым Капитан. - Заурбэч сэрэ машинэм дису мыдзІуэкІэ дыщытынущ. КъызжиІакъым жызмыІэж, ахэр бзаджэщ, Іэщэ яІыгъынкІи хъунущ.

- Шэч къытевмыхьэ зэраІигъым, - къэпсэльащ Заурбэч.

- Псори хъарзынэт, Капитан, ауэ дауэ ахэр дэ къызэрытцІыхунур? - мащІэу къыпІугуфІыкІащ мылицэ щІалэр.

- Дэ фэдгъэлъагъунщ! - пипущІащ кІэщІу Капитан.

Дакъикъэ тІощІи дэкІатэкъым хущхъуэ щапІэр мылицэм къыщІауэхъуреихьам: тІу зэпсальэу аптекэ тетІысхьэпІэм пэмыжьижьэу щытт, адэІуэкІэ зыгуэрым пэплъэ хуэдэ щІэх-щІэхыпхэ сыхьэтым еплъу и закъуэу зы щІалэ къикІыкІ-никІуКІыу Іутт, мыдзкІэ, ЩхъужьжьэкІэ щхьэщхэр къыздикІын хуеймкІэ «Волга»-м и ИсУ Капитанрэ Заурбэчрэ щытт, зы щІалэ ябгъэздэсу.

Куэдыщэ дыдэрэ зыпагъэлІпаКъым зэкъуэшхэми. Ахэр адэкІи мыдзкІи мыплпэу, къызэрыкІуэм хуэдэурэ аптекэм щІыхьащ. ЗэкъуэшитІым ящым портфель гъужьжьышхуэ иІыгът, ІункІыбзэ етыпІитІ иІэу. Портфелыр зэрыпнэщІыр и ІыгъыкІэмкІэ наІуэт.

Хущхъуэ щапІэм зылрэ зы фызрэ къыщІэкІыжащ. Ахэри Капитан и цІыхухэм ящыщт. ЗэкъуэшитІым сыхьэт ныкъуэ хъун-мыхъун щІэтаУэ аращ. Ахэр къыщІэкІыжу щалъагъум, мылицэхэм, зэрызэгурыІуам хуэдэу, зэкъуэшхэм нэхъ гъунэгъу зыхуащІу щІадзащ. Зы щІалэ зэІэщІлъ «ЧэфыфІ иІэу» блэкІэжм яжьэхэлъэ хуэдэ зищІу, ахэр къигъащІэу къакІуэрт. Ятеу ар «зыжьэхэльа» цІыхубзыр къащІэри, и сумкэр ІэщІэхуащ. Абы еплъ хуэдэурэ «чэфым» зэшитІым язым зыжьэхигъэуащ, модрейр пэкІэ щІригъасэу. Ар къыщылъэтыжри, «чэфым» къытекІигащ.

- Нэф хъуа, сыхьэт мыгъуэм ежьэн, сыбукІырти!

- Уэ, хьэфиз Алыхьым ищІын, чэф къыщыкІуэкІэ ГъэзгУм текІуэтын зэрыхуейр пщІэркъэ? - къыхэкІиикІащ щІалэ зэІэщІэлъыр.

ЦІыхубзым и сумкэр хъищтэжри, кІийуэ щІидзащ:

- Сыт а хьэбырыщыбырыр фубыду мылицэм щІеВмытыр?!

АдэкІи щІалитІ къабгъэдыхьащ чэфыр яГъэкъуаншэу. ЗэшитІыр япэ щыкІэ хэтащ загъэбзэхыну. А псоми кІэльыплъу машинэм ис Капитан къэзгъэващ. АрщхьэкІэ «чэфым» зэкъуэшитІым язым и пщэнкъыр иубыдауэ кърельэфкІ.

- Сыт жызоІэ уэ зэыхуейр?

- Уэ щыс, Заурбэч, - жиІэри Капитан псынщІэу машинэм къицІэфтри, зэрызехьэм яхьыащ.

- Сэ сымылицэщ! Фубыд а чэфыр!

Абы ирихьэлІэу зы мылицэ машинэ къэсри, къэувыІащ. Абы фащэ ящыгъэу щІалиц къижри «чэфыр» зэщІаубыдауэ машинэмкІэ ялъэф.

- Уэ, цІыхубз, - жиІащ Капитан, - нитІысхьэ машинэм. Фэри, - захуигъэзащ абы зэкъуэшитІым, - сэ къэдрэ фысыгъынкъым, ауэ мы чэфыр сымышэу хъунукъым, фэ фыщыхьэтщ.

ЯпэщІыкІэ зэкъуэшитІым зралъфыхьу щІадзащ.

- Куэдрэ фысІыгъынкъым сэ, фыкуейкІэ мыбдеж дыдэм фыкъэсшэжынщ! - жиІэу Капитан щытригъэчыныхьым, зэкъуэшитІыр машинэм итІысхащ. Ахэр машинэм зэриТІысхьэу абы исхэр ежэри, зэкъуэшитІым Іэпщэхъу иралъхьащ.

- Е зинэкІэ къалъхуа, сыту Іейуэ дыкъэвгъэпщІа, - къыфІэхущ зым и щхьэр.

- Хьуакъым ар! - жиІащ щэху дыдэу мыдрейми.

Щхъужьжь зэкъуэшитІыр Капитан и кабинетым щыщІашэм, абы Езид щІэст. Полковникыр щилъагъум, Шыдыгъу шыуанижьу уфІыцІащ.

- Сыту упсэ быда, хьэм къилъхуа, мылІэ-мыкІуэду дунейм укъытезнэщ жысІати, къызэхъуІакъым...

- Умыгузавэ, Шыдыгъу, мылІэмыкІуэду дунейм тетыну зи натІэм къритхар уэрауэ къышІэкІынущ. А бу кІа къэмыІуэ уепщІыхьу хъэпсым укъинэмэ, зэмани бгъуэтынщ угупсысэну. Ауэ сыт уегупсыскІи уемыгупсыскІи, - нэщхъейуэ къыпыгуфІыкІащ Езид.

* * *

Щхъужь зэкъуэшхэр къауфыда иужькІэ куэд дэмыкІыу Езиди лэжьапІэм дэкІыжащ. Ауэ я унафэщІыщІэр - Мурат лжьэжьыртэкъым, абы и къуэдзэу щыта Исуфи, япэм зэрыщытам хуэдэу къызэрыгуэкІ следователь ящІыжри, нэхъапэм здыщІэса кабинет дыдэм щІагъэтІысхьэжат.



Сурэтыр **Сэвкіуий Хьэмид** *ищІащ.*

● Ди псэлъэгъуэр

Мыщхъуэж (КІуащ) Залинэ:

Си гъащІэм и етІуанэ Іыхьэу собж

Ди газетеджэхэм си гуапэу фызогъэцІыху республикэм и сабий клиникэ сымаджэщым и «Пульмонологие» къудамэм и унафэщІ КІуащ Залинэ Мухъэрбий и пхъур. Ар сэбэп зыхуэхъуа адэ-анэхэр къыхуэарэзыуэ сымаджэщым Интернетым щиІэ напэкІуэцІым щатх псалъэ гуапэхэр, фІыщІэмрэ щытхъумрэ гъунэжщ. «Дохутырым епсэлъа иужь сымаджэр нэхъыфІ мыхъуамэ, ар дохутыр хъунукъым», - жиІэгъащ Бехтерев Владимир. Залинэ зэІэза сымаджэхэм, абыхэм я благъэ-Іыхьлыхэм, зыхэт гупым жаІэхэм ятепщІыхьмэ, Бехтеревым дохутыр нэсу къыльытэнухэм ар зэращІыщым щэч къытепхьэжьыркъым.

КІуащ Мухъэрбий ипхъу Залинэ Дохъущыкъуей къуажэм щыщІ. Я жылэм дэт курыт еджапІэ №2-р дыщэ медалкІэ къиуха нэужькІэ, Ставрополь дэт медицинэ академием и педиатрие факультетым щІэтІысхьащ. 2012 гъэм ар къиуащ. Налшык къэкІуэжри, КъБКъУ-м и педиатрие факультетым и ординатурэм и щІэныгъэм щыкІэхъуащ. Абы зэрыщІэсым хуэдэурэ, республикэм и сабий клиникэ сымаджэщым и приемнэ къудамэм лэжьэн щыщІидзащ. Ординатурэр къэзыуха пщащэр приемнэм, сабий щІынэжр зыщІэлъ и къудамэм дохутыру щылэжьащ. Хъыджэбзым и лэжьыгъэм зэрыхищыкІым, абы гуузлыуэ зэрыхуиІэм гу къыльетэри, сабий пульмонологием и къудамэм и унафэщІ Жыгун Людмилэ и деж щылэжьэну ирегъэблагъэ. А Іэнатіэм зэрыпэрыуэрэ мазибл фІэкІа мыхъуауэ, къудамэм и унафэщІ къулыкъур къыхуагъэфэщауэ, абы ехъулІэу ирехьэкІ.

Щытхъу зиІэ дохутырым упщІэ зыбжанэкІэ зыхуэдгъэзащи, къыджиІахэм ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Медицинэр къудамэ куэду зэкІэщІокІ. хэхауэ сабийхэм уадэлэжьэну уэзрыхуейр къыщыбгурыІуар, абы ухуэзышар сыт?

- Сабийхэм садэлэжьэнуи, сахэтыныи, селпъыныи сфІэфщ. Аращ а Іэщ1агъэр тынш дыдэу къыщыхэсхар, ар сызыпэмыплъа е сызыхуэмыхьэзыр гуэру щІыщымытар.

- Зым и дежкІи щэхукъым сабийхэм уадэлэжьэну, ахэр бгъэхъужьыну зэрынэхъ гугъур. Уи лэжьыгъэм къыщыбгъэсэбэп Іэмалхэм, бгъэдыхьэкІэхэм я гугъу уэзгъэщІынут.

- Пэжщ, сабийхэм тІэкІу нэхъ гугъуэ щадэлэжьэну, ди фащэ хужьым щыщынэр нэхъыбэщ. Ауэ лэжьыгъэм уэзрыбгъэдыхьэмрэ абы лъагъуныгъэу хууиІэмрэ куэд елъытащ. Уи Іэщ1агъэр фІыуэ плъагъумэ, шыІэныгъи пхэпъынущ, бгъэдыхьэкІэхэри къэплъыхьуэнущ, сымаджэмэ сэбэп ухуэхъуфынущ.

- Медицинэм псынщІэ дыдэу зеужь, махуэ къэс щІэту гъэрхэр къыхохьэ. Абы къигъэувыркъэ дохутырым и щІэныгъэм хигъэхъуэн хуейуэ?

- Пэжщ, медицинэм щекІуэкІ зэхъуэкІыныгъэхэм уакъыкІэрыхумэ, лъэщІыхьэжьигъуейщ. Іэщ1агъэм декІурщ, абы зыдэзыужьырщ Іэщ1агъэлІ хъур. Педиатриием иужькІэ, пульмонологием сыхуеджэри, а Іэнатіэми сыщылэжьэну сызэрыхуитымкІэ тхъпыр 2017 гъэм къызэтыжащ. Абы къыкІэлъыкІуэ, япэ категорие зиІэ дохутыр сыхъуащ. КъищынэмыщІауэ, конференцхэм щІэх-щІэхыпэ докІуэ, къалэшхуэхэм къикІа дохутыр цІэрыІуэхэм я дерсхэм додаІуэ, икІи Іэщ1агъэм къыщыдгъэсэбэпын куэд къыщыдощІэ.

- Медицинэр сыт уи дежкІэ?

- Си унагъуэм иужькІэ, си лэжьыгъэр си гъащІэм и Іыхьэ етІанэу жыпІэ хъунущ.

- Псоми дощІэ иджырей адэ-анэхэм арэзы пхуэмыщІ куэд зэрахэтыр. Апхуэдэхэм дауэ фагурыІуэрэ?

- Псом япэрауэ, дохутырым жэуапалпыщІэ ин хэпъын хуейщ. Дэтхэнэ сабийми абы и адэ-анэми екъэлІауэ зэман, хъару къэбгъэуэтфу щытыпхъэщ. Пэжщ, цІыху псори зэхуэдэжьым. Псоми хьэл зырыз, гупсысэ, дуней еплъыкІэ щхьэхуэ диІэжщ. Сабийм и узым епхьэлІэ къарум нэхърэ нэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис



Зыгъэхьэзырар
НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ

● Адыгэ нэщэнэхэр

Жэмыр жьэгъуашхэмэ, гъэшыфІэщ

♦Ерыскъы зытелъ Іэнэм уи щІыб хуэбгъэзэну фІыкъым.
♦Ерыскъым уелъэпэуэну фІыкъым, зэ дзэкъэгъуэ нэхъ мыхъуми едзакъэ - упэІуджэжынщ, жаІэрт.
♦Жэм лъхуам ущытхъумэ, зокІуэкІ.
♦Жэм лъхуэщІэпам и кІэм хъыдан плъыжь кІэращІэрт.
♦Жэмым и пэр щІым егухауэ гъуэгмэ, фІыкъым, щІыр мэхъей, жаІэрт.
♦Жэмым и шэр мафІэм пэрыпкІэмэ, жэм быдзыр зэпытхъыу жаІэрт.
♦Жэмым и нэр топым хуэдэу къижмэ, бжьэкІэрэфмэ, и кІэпкъыр и кІэбдзым фІэкІмэ, езыр лъакъуэ псыгъуэмэ, зэрыгъэшыфІэм и нэщэнэщ.
♦Жэмыр жьэгъуашхэмэ, фІыщ, гъэшыфІэщ.
♦Жэмыр зэрылъхуа бжьигъэм и зырыз зэпытхъэлыкІыпІэ и бжьакъуэм къытредзэ, жаІэрт.
♦ЗыщІыпІэ Іуэхуклэ уежьамэ, унэм ущІэкІауэ къэбгъэзэж хъунукъым - уздэкІуэр кьохъулІэнукъым.
♦Зыгуэр зыфІэкІуэдам кхъуэанэ игъэкІэрахъуэмэ, дыгъум и щхьэр унаэз мэхъу.
♦Зыгуэрым уи нэр тебубыдауэ уеплъурэ, уи Іупсыр ебгъэхмэ, абы и щхьэр уз мэхъу, нэ тохуэ.

● Ди сурэт гъэтІылъыгъэхэр

Кавказ бгырыс эскадроным хэт адыгэ щІалэхэм (Тыгъуэн Пщымахуэ, Тамбий Алий, Айдемыр Бэчмырзэ) я сурэтыр Чернецов Григорий ищІащ. *Петербург, 1831 гъэ*

Іуэху дахэхэмкІэ гъэнщІа илъэсхэр

● ДАХ

Иджыблагъэ дунейм къытехьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зы лэжьыгъуэ пІалъэм кърикІуахэр щыззхуэхьэса тхылъыр - епплІанэр. Мыбы илъ къыдэкІащ «МЧА: 1991 - 2011. Сборник документов и материалов», «Дунейпсо Адыгэ Хасэ: ІуэхущІафэхэмрэ хъуэпсапІэхэмрэ (2013), «Дунейпсо Адыгэ Хасэ: ЗэхэгъэкІыпІэ илъэсищыр. 2012 - 2015» тхылъхэр.

«ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэ: къыкІэлъыкІуэ илъэсиплІыр. 2015-2019» тхылъыщІэм, зэрыхабзэу, щыззхуэхьэсащ иужьрей зэманым ДАХ-м зэфІиха лэжьыгъэхэм, иригъэкІуэкІа зэІущІэхэм, зыхэта Іуэхугъуэхэм ятеухуа тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр. Ар ягъэхьэзыращ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ ХьэфІыцІэ Мухьэмэдрэ КъАХ-м и тхьэмадэм и къуэдзэ, журналист НэщІэпыджэ Замирэрэ.

1991 гъэ лъандэрэ лъэпкъым хуэлажьэ Хасэшхэм илъэс къэс и лэжьыгъэм нэхъ зиубгъуурэ макІуэ, адыгэ щыпсэуу къызэщІиубыдэ къэралхэр нэхъыбэ мэхъу. НобэкІэ щІыналъэ (къэрал) хасэ къудамэу ДАХ-м 16 хэтщ. Иджы япэу тхылъым ихуащ абыхэм я лэжьыгъэм теухуа тхыгъэхэри. Урысейм хиубыдэ республикэхэм щызэхэт, адыгэхэр мелуан, мин бжыгъэкІэ зэрыпхъа хамэ къэралхэм щылажьэ хъудамэхэм кьраГъэхьасхэм нэмыщІ, зи гугъу тщІы пІалъэм къриубыдэу екІуэкІа Іуэхуу гулъытэншэу зыри кьэнакъым.

Тхылъым итщ интервью, очерк, тхыгъэ гъэщІэгъуэнхэр, хьыбар зэмылІэужьыгъуэ куэд. Дуней псом щикъухьа адыгэхэр зэгъэуІуным, я адэжь лъахэм кьешэлІэжьыным, бзэмрэ хабзэмрэ хьуунным, зэкъуэш лъэмыкІыр яухуэу, Іэмал зэриІэкІэ, нэхъ зэгъунэгъу дихъьужьным, щэнхабзэ, экономикэ, егъэджэныгъэ, щІэныгъэ, зэгъэуІуныр, зыщІэныгъэхэмкІэ зэпыщІэныгъэхэр зэрызэращІылІэным иужь иту лажьэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокуэ Хьэутий, ДАХ-м хэтхэми я псалъэ, гупсысэ, ІуэхущІафэ куэд къыщыбгъэутынущ тхылъышІэм.

Хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэ щІэблэр Урысейм и еджапІэ нэхъыщхьэхэм щегъэджэным, диаспорэм щыпсэу школакІуэхэм адыгэбзэр зэраджьн тхылъэр яхуегъэзыжьным, хэхэс сабийхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым зыщегъэгъэпсэхуным, федеральнэ къулыкъущІапІэхэм, лъэпкъщэнхабзэ центрхэм, щІалэгъуалэ зэгухэзныгъэхэм, къэрал ІэнатІэхэм, егъэджэныгъэмкІэ ІуэхущІапІэхэм жьыдэжру дэлэжьэныр кьалэн нэхъыщхьэу зыхуэзыгъэуавыж ДАХ-м абыхэм ежьэлІауэ кьехъулІа псори тхылъым щызэхуэхьэсащ.

Нэхъ гъэщІэгъэнэну иджырей кьыдэкІыгъуэм ихуахэм ящыщу Дунейпсо Адыгэ Хасэм и ГъэзэщІакІуэ гупым и зи чэзу зэхуэсхэр блэкІа пІалъэм кьриубыдэу тыкІуэм, Германием, Черкесск, Сочэ кьалэм зэрыщыдзэхэтам, Израильм лІыкІуэ гуп зэрыщыІам теухуа тхыгъэхэр. Апхуэдэ зэхьыхьэхэр зэрекІуэкІари, зэхуэзахэр зытепсэлъыхьа лъэпкъ Іуэхуэхэри, а псалъэмакъэм кьрикІуэжа лэжьыгъэхэри къиву ІуэтэнущІ мы кьыдэкІыгъуэм.

Лъэпкъыр лъэпкъ зыщІыж, хьугъуэфыгъуэ нэхъыщхьэу абы бгъэдэлъ адыгэбзэрщ тхылъыр кьызэрадзэкІар. Ауэ дэфтэр нэхъыщхьэхэр, къэрал кьулыкъущІэхэм зэрызыхуагъазэ тхыгъэхэр урысыбзэкІэ хагъэуващ. Тхылъым и жинтым тетщ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэмрэ абы и къуэдзихьмрэ я сурэтхэр. КьызэІуплхмэ, ДАХ-м и тхьэмадэ, экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик Сэхъурокуэ Хьэутий и пэублэ псалъэр итщ, адэкІэ илъэс зырызым хуэхэа Іыхьэхэр кьыкІэлъокІуэ. Ахэри дахэу зэщхьэщыхащ. Іыхьэхэм я пэщІэдзэ напэкІуэщІхэр гъэщІэрэщІащ КъБР-м и цІыхубз сурэтыщІ Сэвкіуий Хьэмид и Іэдакъэщ Іэкі сурэтхэмкІэ, апхуэдэуи усэхэмрэ адыгэхэм ятеухуауэ зыплъыхьакІуэхэм, щІэныгъэлІхэм, дзэзешэхэм жаІа гупсысэхэри тетщ.

ДАХ-м иригъэкІуэкІа лэжьыгъэхэр, тхыгъэхэм я мызакъуэу, сурэтхэмкІи кьыщыгъэльэгъуащ зи гугъу тщІы тхылъым. «Адыгэ псалъэ» газетым и сурэттех Къарей Элинэ и лэжьыгъэ 150-м щІигъу итщ мыбы. Сурэтхэм нэгум кьыщІагъэувэ лъэпкъ Іуэхур зэрекІуэкІыр, абы хэлІафІыхьхэр, щекІуэкІ щІыпІэхэр. Апхуэдэу тхылъым ихуащ иужьрей пІащІыгъуэм хым Урысейм, Кавказым, адыгэхэм псэмыблэжьу хуэлэжьа ди лъэпкъэгъу политик, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэхэм, тхакІуэхэм, музыкантхэм, щІэныгъэлІхэм, сурэтыщІхэм, спортсменхэм, нэгъуэщІхэми я сурэтхэр.

ДЭХЪУШОКЪУЭ Синэ.

Псалъэзэблэдз

***ЕкІуэкІыу*: 5**. Хадзэхэ. **6**. Къэбэрдейм и иужьрей пщы уэлий. **7**. МахуэщІэ. **9**. ЩоджэнцІыкІу Алий и егъэджакІуэу щыта ... Нурий. **10**. Нартыху ... гъэвар Іэфіщ. **11**. Тепщэхэр зэрызекІуэу щыта шыгу зэщІэщІа. **12**. ... пэтрэ, илъэсым зэ мэфтрей. **14**. Анэр нэм, адэр ... хуэдэщ. **16**. Налшык и уэрамхэм щыкуэд жыг лІэужьыгъуэ. **18**. ЩтаучкІэ яГъауэ пасэрей фоч. **19**. Гъунэгъу-жэрэгъухэр зэгухэу зыгуэрым и лэжьыгъэр зэрыдагъэпсынщІэ Іуэху. **20**. Жьэражьэу хьэкум илъщ. **22**. Дыщэм и зы плъыфэ. **29**. Щыщхьэм уэрэдус Іэзэу щыта, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща. **14**. ХьэрыпыбзэкІэ кьабж нэмэзыбзэ. **15**. Адыгэ бэнакІуэ, дуней псом и чемпион зыбжанэрэ хьуа. **16**. Іуэху мыублэ ... хэсщ. **17**. АдакъэщІэрэ ... пІастэрэ. **20**. Зимыхьэпшып щэхуу зыгъэкІуасэ. **21**. Пхъэщхьэмыщхьэ тКІыбжь хъурей цІыкІу, фІыщІафэ-къащхъуафэу. **23**. Тхыдэтх, уэзэщІакІуэ, хьэрычэтыщІэ, Къэбэрдей цІыхубзм я тхыдэм теухуауэ 1913 гъэм тхылъ къыдэзыгъэкІа ... Елбэздыкъуэ. **24**. Япэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІа президент хэхьыныгъэхэм зыкъыщызыгъэлъэгъуа, философие щІэныгъэхэм я доктор. **25**. ... техьэ тенэрэкъым. **26**. ... къэпщІауэ, щІэблэр еджапІэ пщІантІэм щызэрызэхэсэ. **27**. Адыгэ уэрэджьІакІуэ Іэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз артист. **28**. Хьэжьгъэм кьыхэщІыкІа адыгэ шхыныгъуэ. **30**. Ди гъунэгъу лІыр ...-дыгъуэлІщ. **35**. ЩІыпІэ хуабэхэм хьэлъэхьэу къыщІагъэсэбэп псэущхьэшхуэ. **36**. Губгъуэ джэдкъаз пІащэ, лъатэу. **37**. А къэралым и президентым нэхърэ яятоллар нэхъыщхьэщ. **39**. Зыгуэрым и зэхуэдит!.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩэкІуэгъуэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

***ЕкІуэкІыу*: 1**. Жьыгыуіу. **4**. Бжьыхьым. **7**. Гъудэ. **8**. Мэш. **9**. Гуэл. **10**. Жармыкіэ. **11**. ПщІэ. **13**. Топ. **17**. Лы. **18**. Сэшхуэ. **20**. Хьуп. **23**. Щыбын. **24**. Балий. **27**. Хьэ. **29**. Борэн. **31**. Гъуо. **32**. Кхъэб. **35**. Кхъуей. **36**. Адэжьнэ. **37**. Къуий. **38**. Сыдж. **39**. Бжы. **40**. Фонащэ. **41**. Хьэлэщ.

***Кьехьу*: 1**. Жэмтхьэлэ. **2**. Унажэ. **3**. Кьудамэ. **5**. Жэнэт. **6**. Мэлэныпхъу. **12**. ЩІэр. **14**. Обь. **15**. Псынабэ. **16**. Уэлбанэ. **19**. Шыкъыр. **21**. Къыкъ. **22**. Щихуу. **25**. Тхъэрыкъуэф. **26**. Іоучэнджэщ. **28**. Гъуджэ. **30**. *Уае*. **33**. Бабыщ. **34**. Іужажэ. **35**. КхъуэІуфэ.

● Фэ фщІэрэ?

Псалъэхэм къарыкІыр

Псыхэплъэ. Хъыджэбз зи ишэгъуэхэр зэхуэсырт, шынакъым псы иракІэрти, я нэр ямыгъэупІэрапІэу абы хэпльэрт, зышэну щІалэхэм я сурэтхэр кьищыну жаІэрти.

Вагъэбдзумэ хъуэхъу. ВакІуэ щыдэкІа япэ махуэм япэ вагъэбдзумэр зрагъэхьыр мыбы нэхъ гъавэ бэв кьохъулІэ жьыхуаІэу кьуажэм дэсыр арат. ВакІуэ тхъэмадэм махъсымэ шынакъ кьищтэрти, гъэр бэв хъуну, гъавэ бэв кьайхъІэнэу хъуахъуэрт. Абы и ужькІэ япэ вагъэбдзумэр зыхуагъэфэщам пхъэІэщэкІыр иубыдырти, вагъэбдзумэр хишырт.

ТхьэлъэІупэ - *(ВакІуэихьэж тхьэлъэІу цІыкІу)*. Дзэйм хэтхэм вэн яуха нэужь нэгъуэщІ зыри кьахэмыту, езым я закъуэу тхьэлъэІу ящІыжырт. Іэщ фІагъэжырти, яшхырт, махъсымэ фалъэ зырыз яубыдырти, хъуахъуэрт, махъсымэр ирафа нэужь, пщыІэбжэм деж увэрти, фалъэхэр я щхьэмкІэ щхьэпрадзырт, пщыІащхьэмкІэ щхьэдэхуэхьи хуэдэу. Абы и ужькІэ вакІуэ кьурмэн ящІыну кьуажэм дыхьэжхэрт.

Шэхэх*. ЦІыхум и Іэпкъльэпкъым къыхэна фочышэ, шабэзэшэ хуэдэхэр ІэкІуэлъакІуэ дыдэу къыхэзыхьжьыф яхэту щытащ адыгэ Іэзэхэм. Абыхэм щэхэхкІэ еджэрт.

Щыгъын гуэшыж. ЦІыхур дунейм ехьжа нэужь, илъэс дэкІмэ, абы и щыгъынымрэ Іэщэ-фащэмрэ ягуэшыжу щыта адыгэ Іэзэхэм. А махуэм шыгъажэ ящІырт. Зиш кьытежьмэ ІІам зэрихьэу щыта нэхъ хьэпшыпыфІ дыдэр иратырт. Ди зэманми хабзэр щыІэщ, ауэ куэдкІэ зихъужакщ.

ТхьэлъэІу*. Тхьэм елъэІун жиІэу аращ. ТхьэлъэІу щІащІыр Іуэхушхуэ гуэрым теухуауэ гущІэгъу кьахуищІын папщІэ тхьэм елъэІунухэу арат. ТхьэлъэІур унагъуэ щхьэхуэхэми хьэблэр е кьуажэр зэгъуэсуи ящІу щытащ. Апхуэдэуи, ар гуфІэгъуэ гуэрхэми траухуэ. ЯпэщІыкІэ тыхь фІагъэжырти, итІанэ тхьэлъэІум пыщІа Іуэхугъуэ псори ирагъэкІуэкІырт.

ДУМЭН Хьэсэн.

● Сабий джэгукІэхэр

Мывэш

Джэгур щІалэ щыкІуэхэрщ. Ахэр нэхъ иныхукІэ, нэхъ мывэшхуэ кьащтэ. «Мывэшыр» мывэ хьуей быдэщ. ЩІалэ цІыкІуитІым Іэ лъэныкъуэкІэ яхуэдзын хуэдэу, мывэ зырыз кьащтэ. Абы зым и мывэр едз (игъажэркъым), мыдрейм и мывэр абы иригъапщэри, йоуэ. Абы щыгъуэми, техуа-темыхуа иІэкъым, нэхъ жьыжь зэрыІупъэтыным хэту аращ. Апхуэдэу, гъуэрыгъуэ зэтэуэрэ, зым и мывэр адрейм ейм пэгъунэгъу кьызэтеувыІэмэ, апэм и мывэр къещтэри, Іитіымкіи иІыгъыу, мыдрейм ейм зэрыпъэкІкІэ йоуэ. Ар иихутэфрэ - текІуэщ, имыкъутэфрэ - мобы и чэзу хъуащи, и мывэр къещтэри, йоуэ. Щеуэм деж зыгуэрым и мывэр лъеямэ, аргуэрыжьу зэтэу щІадзэ. Аргуэру зэпэгъунэгъу зыхуакъэ, зым и мывэр адрейм икъутэну йоуэ. Зым и мывэр къутамэ, абы нэгъуэщІ мывэ кьищтэну хуитщ, ауэ зы «мывэш» фІахьэхуауэ кьалъытэ. Аращи, мывэ нэхъыбэ зыкъутэфыр токІуэ.

«Мывэшым» кьищынэмыщІауэ, мывэ пІащІэ кьащтэурэ, зым ейм адрейр етэуи мэджжэгу, ауэ мыбы кьару лей ихыыркъым, хэт нэхъ Іэфіэмэ кьащІэу аращ.

МАФІЭДЗ Сэрэбий.

● Унэгуащэхэм папщІэ

Шэ, шху дэпшхреймэ...

♦Холестерин зи куэдым нартыхум кьыхэщІыкІа шхыныгъуэ куэд ишхрейм-мэ, холестериныр мащІэ ещІ, Іэпкъльэпкъым хэлъ лейри кьыхеху.
♦Лы цІынэм мэ кьимыщтэн щхьэкІэ шэрджэсхэм фо щахуэу щытащ.
♦Мыващхьэр къущхьэхъу кърахырт. Ёзы мывэр памцІэ цІыкІуу щытщ. Ар сапэкІэ ятхъунщІырт, сабэм хуэдэу кьытекІар уІэгъэм трагъэщащэрти, уІэгъэр хъужырт.
♦КІэртІофым кьыхэщІыкІа шхыныгъуэ куэд зышхыр пшэр мэхъу.
♦ІэщІышхуэм, Іэщ цІыкІухэм ял гъэвар щашхкІэ, адыгэхэм бжьыныху ышпсым пІастэ ирагъэпщІыркъым, ирагъэпщІыр лыращ.
♦ЩІалэ къыхуалъхуамэ, фокІэ пщауэ хугу хьэжьыгъэ яшхырт, щІалэр гъур мэхъу жаІэрти.
♦ХьэлІамэ кІуПинэм хуабэу шэ, шху дэщІыгъуу щІэх-щІэхыуэ пшхымэ, абы Іэпкъльэпкъыр егъэкъабзэ, напІэ зэлъахэри егъэхъуж.
♦Лъыр зи мащІэ цІыхум щынэ цІыкІу хуаукІыр ти, и тхьэмщІыгъур хуабэу кърахырт, тыкъыр цІыкІуу яупщІатэрти, имыгъэныщкІуу ирырагъэльэтэхырт. Хуэмышхыу Іумпэм ищІмэ, яГъэвэпхъырт.

КЪУБАТИЙ Борис.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхьэ секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмышцІ Иэз.**



Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭЖХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; узынщагъэмрэ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм ящыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэтэ Іуэхутъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэтлъ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хутыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

12+

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **ЖьэкІмыхъу Маринэ,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящІащ* **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн ухуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.056 ● Заказ №1094

● Шхыныгъуэхэр

Щэ мэжаджэ

Нартыху хьэжьигъэ ухуэнщІар тепщэчым иракІутэ, шыгъу зыхэлъ псы къэкъуальэр абы хакІэурэ, хупщынэр бэлагъкІэ ящІ. И бахъэ пщтырыр ягъакІуэри, гуэдз хьэжьигъэр щІапщэ, и щхьэр трапІэри, ІэфІ къыщІыхьэн щхьэкІэ сыхьэти 9 - 10-кІэ щІыІанІэ ягъэувэ. ИтІанэр ар тхъу зыщІыхуа тебэм см 4 - 5 и ІуваГъыу иралъхьэ, абы мэл кІапэ гъэвэжа жьахуэ тракІутэ, хупщІынэм хагъэхьэурэ, и щхьэр джафэ ящІ, шху щІыІэ щахуэ, мэжаджэр къэмычэн щхьэкІэ. Тебащхьэр трапІэри, мафІэ мыин дыдэм тету сыхьэтитІ хуэдизкІэ ягъажьэ. ЖьэгукІэ е хьэкуІэкІэ ягъэжьа мэжаджэм и щхьэфэр тхъуэплъ дахэщ, мэ гуакІуэ иІэщ. Мэжаджэр щабэ ящІын щхьэкІэ, тебэм зэрилъу и щхьэр теПІауэ дакъикъэ 15 - 20-кІэ щагъэтщ. Мэжаджэ бзыгъэхэр лантІэ-лантІэу, зэпымыщІыкІыу щытын хуейщ. Шэ хуабэм докІу, шху дашх, къалмыкъ шейм драф.

Халъхьэкэр (цІыхуитху Іыхьэ):
Нартыху хьэжьигъэу - г 800
Псывэу - г 2000
КІапэ жьахуэу - г 50
Тебэщхьэу тхъууэ - г 5
Гъэдз хьэжьигъэу - г 100
Шхууэ - г 20
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Лэпс зэщІэт, мэлыл, кІэртІоф, хугу хэлъу

Абы щхьэкІэ нэхъ къащтэр мэлым и дзажэращ. Дзажэр зэпауд г 50 - 60 хъууэ. Псы щІыІэкІэ яткъэщІ, щыуаныр иралъхьэри, псы щІыІэ щІакІэ. МафІэр ину блэуэ зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. МафІэр цІыкІуу ирашэхри, щыуаныщхьэр теПІауэ ныкъуэвэфІ хьуху ягъэвэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. ИтІанэ абы шыгъу, хадзэ, щимэурэ упщІэта кІэртІоф укъэбза халъхьэ, щыуаныщхьэр трапІэри, зэ къытрагъэкъуалъэ, мафІэ иным тету. МафІэр щабэ ящІ, щыуаныщхьэр трапІэри, къагъавэ дакъикъипщІ-пщыкІутхукІэ. ЗэІащІэурэ абы хугу лъэса хакІутэ, щыуаныщхьэр трапІэри, мафІэ щабэм тету хьэзыр хууэ ягъавэ, тхъурымбэр къытрахыурэ. Хьэнтхъупсыр пэшхьэкум къытрах, бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын трауДэри, щыуаныщхьэр теПІауэ дакъикъитху-хыкІэ щагъэт, нэхъ Іэфі хъун, зэхэшыпсыхьын щхьэкІэ. Пщтыру ираф, щІакъэуэ е чыржьын и гъусэу.

Халъхьэкэр (цІыхуитІ Іыхьэ):
Мэлылу - грамм 300
Лыр зэрагъэвэну псыуэ - грамм 800
КІэртІоф укъэбзауэ - грамм 60
Хугуу - грамм 40
Шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

Бжьын гъэлыбжьа:
Тхъууэ е щэ дагъэу - грамм 20
Бжьыщхьэ укъэбзауэ - грамм 20

Шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.